ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№102 (24.852) • 2025 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 23, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



# Кхъухьлъатэ гъуэгуанэхэм заубгъу

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IущIащ Тэтэрстан Республикэм и «ЮВТ АЭРО» авиакомпанием и генеральнэ директор Трубаев Петр**.

А IУЭХУЩIАПIЭМ мы гъэм и накъыгъэм къыщыщIэдзауэ тхьэмахуэм къриубыдэу тIэу цIыхухэр къыщрешэкI Къэзан - Налшык - Къэзан гъуэгуанэм. А зэманым къриубыдэу а Iуэхутхьэбзэхэр къагъэсэбэпащ цIыху 2800-м, кхъухьлъатэхэр ику иту процент 90-кIэ из хъууэ.

А рейсхэр ягъэзащIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Тэтэрстаным, къэрал бюджетхэм къыхэкI субсидиехэр къагъэсэбэпу. ЗэкIэ а программэр 2025 гъэм къриубыдэу лэжьэну аращ.

«Къыхэзгъэщыну сыхуейщ «ЮВТ АЭРО»-р ехъулIэныгъэхэр иIэу илъэсипщI хъуауэ зэрылажьэр, и кхъухьлъатэхэр Урысейм и къалэ 30-м щIигъум зэрыкIуэр. ДыщызэIущIам дытепсэлъыхьащ дызыхуэкIуэ илъэсми диIэну зэпыщIэныгъэхэм. Къапщтэмэ, Къэзан - Налшык - Къэзан гъуэгуанэм тет кхъухьлъатэхэр адэкIи зэрылэжьэнум, абы нэмыщI Уфа, Сочэ къалэхэм кхъухьлъатэхэмкIэ цIыхухэр кIуэфу щытыным», - щитхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

# ЩIалэгъуалэм я хэщIапIэ лъэщ

**«Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрым и IэщIагъэлI гупым, IуэхущIапIэр къызэрызэIуахрэ илъэсищ зэрырикъум папщIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гуапэу ехъуэхъуащ. Абы и хъуэхъум щыжеIэ**:

- ДИ къэралым и Президент Путин Владимир къыхилъхьауэ щыта жэрдэмым ипкъ иткIэ, илъэсищ ипэкIэ, 2022 гъэм и шыщхьэуIу мазэм, Псыхуабэ къалэм къыщызэIуахауэ щытащ «Езыгъаджэхэр идогъаджэ» къыхуеджэныгъэм зи лэжьыгъэр щIэт щIэныгъэ центр иныр. Егъэджэныгъэ программэщIэхэр, иджырей мардэхэм хуэкIуэ Iуэху зехьэкIэщIэхэр, творческэ бгъэдыхьэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэралым хэIущIыIу щызыщI щIыналъэ гупхэм апхуэдэу и гъуэгуанэр яублауэ щытащ.

БлэкIа зэманым къриубыдэу «Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрыр ипэжыпIэкIэ хъуащ зи IэщIагъэм хуэIэижь щIалэгъуалэм и хэщIапIэ лъэщ, Кавказ Ищхъэрэм, къэралым зэрыщыту зегъэужьынымкIэ проект пэрытхэр къыщагъэщI икIи гъащIэм щыхагъэхьэ, мурадхэр щызэрагъэхъулIэ, хъуэпсапIэхэр нахуапIэ щащI егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ инщ ар нобэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм къарикIуа фIыгъуэхэм уащымыгуфIыкIыу къанэркъым: щIэблэм я унэтIакIуэхэм я Iуэху зехьэкIэр езыгъэфIакIуэ егъэджэныгъэ программэрэ проекту 370-м щIигъу, къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщызэрагъэпэща икIи щрагъэкIуэкIа зэIущIэрэ зэхуэсу 35-м щIигъу.

«Мэшыкъуэм» и лэжьыгъэр бжыгъэ къудейкъым къэгъэлъэгъуа зэрыхъур. Ар ехъулIэныгъэ лъагэхэр къызыпэкIуа Iуэху минхэм я къежьапIэщ, жэрдэмыщIэхэм я къигъэхъуапIэщ, щIэныгъэщIэхэм я хэщIапIэ нэсщ. ЩIэныгъэхэм я центр лъэрызехьэр ди гъусэу ди щIыналъэм щыдгъэзэщIа проектхэм ящыщщ «КъБР-м унафэр щызегъэкIуэнымкIэ гуп», «ЛIыхъужьхэм я бынхэр» проектым тещIыхьа щIыналъэ, щIыпIэ зэIущIэхэр, «ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ IэщIагъэлIхэм я егъэджэныгъэхэр» форумыр, нэгъуэщIхэри.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сохъуэхъу «Мэшыкъуэм» и IэщIагъэлI гуп зэрыIыгъым ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэну, проектыщIэхэмрэ щIэныгъэщIэхэмрэ къызыпэкIуэ гупсысэщIэхэр яIэну, зэпыу зимыIэ зыужьыныгъэ ягъуэтыну!

● Урысейм и къэрал ныпым и махуэм

# ЕхъулIэныгъэщIэхэм дыхуэзыунэтI дамыгъэ

**Ныпыр цIыхухэм, лъэпкъхэм куэд щIауэ къадогъуэгурыкIуэ я зэкъуэтыныгъэм и дамыгъэу, я къарур къызэщIигъэуIуэу. Ар ди гъусэщ Хэкум и махуэшхуэхэми ди ехъулIэныгъэхэр щыдгъэлъапIэми**.

МЫ гъэм 31-нэу ягъэлъапIэ Урысейм и къэрал ныпым и махуэшхуэр. Абы тхыдэ къулей къыдогъуэгурыкIуэ, ауэ ар зэрызэхэт плъыфэхэм я мыхьэнэр къэралым щIигъэбыдауэ щыткъым. КъызэралъытэмкIэ, хужьым къегъэлъагъуэ мамырыгъэрэ къабзагъэрэ; щIыхум - фIэщхъуныгъэрэ пэжыгъэрэ; плъыжьым - къарурэ Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщIэ ягъэжа лъырэ. Ныпым теухуа Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр тхыдэм къыхощ. Псалъэм папщIэ, Пётр Езанэм и лъэхъэнэм хытетхэм (моряк) абы и плъыфэхэр зэрызэкIэлъыкIуэр тыншу ягу ираубыдэн щхьэкIэ «БеСиК» (белый, синий, красный) жыIэгъуэр къагъэсэбэпу щытащ.

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэтауэ щагъэлъэпIащ ар. Налшык къалэм ЗэгурыIуэныгъэм и утым «Си нып - си Хэку» зыфIаща Iуэхур щекIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым**, республикэм и министрхэр, ветеран зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэр, СВО-м и лIыхъужьхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэ, волонтёр зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щIыналъэм щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ зэрехъуэхъу тхыгъэм итщ: «ПщIэ зыхуэсщI си лъахэгъухэ! Сынывохъуэхъу Урысейм и къэрал ныпым и махуэмкIэ! Къэрал дамыгъэр къадэгъуэгурыкIуащ лъэпкъ куэд щыпсэу ди Хэкум и щIэблэхэм. Абы дропагэ Урысейм и тхыдэшхуэм, и текIуэныгъэхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ я щыхьэтщи. Урысей къэралыгъуэм къыгуэхыпIэ зимыIэ и дамыгъэу ар ди гъащIэм хэтщ, цIыхубэ зэкъуэтыныгъэмрэ Хэкум хуэпэжынымрэ дыкъыхуриджэу. Гъэунэхуныгъэ щIэхэм дащыпэщIэт мы лъэхъэнэм а зи гугъу сщIы лъапIэныгъэхэм я мыхьэнэр нэхъ иныжщ, ди къэралыр нэхъри къарууфIэ хъуным дыхущIегъэкъу. Къэрал ныпыр щапхъэ яхуохъу къыдэкIуэтей щIэблэм, ар хэкупсэу къэхъунымкIэ, я лъахэм и къэкIуэнум папщIэ жэуаплыныгъэ зыхалъхьэнымкIэ. ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ди къэрал дамыгъэ нэхъ лъапIэхэм ящыщым сабиигъуэм щыщIэдзауэ щIэблэр ирипагэу дгъэсэным. Си фIэщ мэхъу ар дяпэкIи ехъулIэныгъэшхуэхэм ди гур къыхуэзыгъэуш къаруэ зэрытщIыгъунур. Сынывохъуэхъу! БэIутIэIуншэу фыпсэуну, мы махуэм фIыгъуэр къыфхудэкIуэну си гуапэщ!»

*(КIэухыр 3-нэ нап.).*

Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru Адыгэ Псалъэ



# Сымаджэхэм я сэбэп зыхэлъщ

**Бахъсэн район сымаджэщым и поликлиникэ №-1-м зэгъэпэщыжыныгъэхэр зэрыщрагъэкІуэкІар зригъэлъэгъуащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Іуэхущlапlэм къегъэщІылІа щІыпІэр зэІузэпэщ ящІ мы зэманым.**

ІУЭХУР зэрекІуэкІам, лэжьыгъэр зэрызэтраублэжам щІыналъэм и Іэтащхьэр щыгъуазэ хуащІащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустамрэ Бахъсэн район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Ещтрэч Муратрэ.

Лэжьэгъуэ махуэм къриубыдэу ІуэхущІапІэм дэІэпыкъуныгъэ щагъуэтыфынущ цІыху 750-м. Абы къегъэбыдылІащ Бахъсэн къалэмрэ районым и къуажэхэмрэ щыпсэу цІыху мин 60-м щІигъу.

КІуэкІуэ Казбек епсэлъащ поликлиникэм и лэжьакІуэхэми абы къекІуалІэхэми, къыхигъэщащ иджырей мардэхэм тету зи лэжьыгъэр зэтраублэжа поликлиникэр псоми я тыншыпІэм хуэщІауэ зэрыщытыр.

Лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІащ «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым хыхьэу. Метр зэбгъузэнатІэ 2400-рэ зыубыд унэр и щІыбкІи, и кІуэцІкІи къагъэщІэрэщІэжащ, инженер хуэІухуэщІэхэр яхъуэжащ, бжэхэр, щхьэгъубжэхэр, лифтыр щІэкІэ зэрахъуэкІащ. ЦІыхухэм къатемыхьэлъэу лэжьыгъэр къызэгъэпэщауэ щытын папщІэ, ІуэхущІапІэм и щІыхьэпІэ-щІэкІыпІэхэр зэхагъэщхьэхукІащ - плъыржьэрыгъэ зиІэ сымаджэхэр бжэ щхьэхуэкІэ зекІуэнущ.

Поликлиникэр фІагъышхуэ зиІэ иджырей медицинэ ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрагъэпэщащ. Абыхэм яхэтщ УЗИ аппаратыр, бжыгъэр зи лъабжьэ маммографыр, рентгеныр, эндоскоп Іэмэпсы-мэр. Абыхэм Іэмал къаритынущ цІыхухэм я узыншагъэр тэмэму къэпщыта хъунымкІэ, апхуэдэ щІыкІэкІи узыфэхэр и чэзум къахутэфынущ.

# Махуэшхуэхэми шынагъуэншагъэр зыщагъэгъупщэркъым

**Республикэм Терророым пэщІэтынымкІэ и комиссэм и зэІущІэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Бахъсэн щІыналъэм щригъэкІуэкІащ. Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ, хабзэ хъуауэ, республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр, гъэ еджэгъуэщІэм зэрыщІадзэжыр гъэлъэпІэным теухуауэ фокІадэм ирагъэкІуэкІ дауэдапщэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным пыщІа Іуэхухэм.**

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, республикэм и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, КъБР-м къегъэщІылІа къэрал инспектор нэхъыщхьэ Васильченкэ Дмитрий, правительствэм щыщхэр, министрхэр, хабзэхъумэ, къарузехьэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэр, щІыпІэ самоуправленэмкІэ органхэмрэ жылагъуэмрэ я лІыкІуэхэр.

КъБР-м Терророым пэщІэтынымкІэ и комиссэм зэфІигъэкІ лэжьыгъэхэм, къагъэлъэгъуа пІалъэм хабзэхъумэ, къарузехьэ ІэнатІэхэр нэхъ хэкъузауэ лэжьэным зэрыхуэхьэзырым щыхэплъащ зэІущІэм. Апхуэдэуи цІыху зэхуэсыпІэхэр, транспортыр Іув щыхъу щІыпІэхэр террор шынагъэ къэмыгъэхъуным зэрыхуэщІа щІыкІэми, ахэр хъумэным ехьэлІахэми и гугъу ящІащ. ЗэІущІэм зыщыхэплъа Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ терроризмэм, экстремизмэм я хуэмэбжьымэхэм щІыналъэхэм щыпсэухэр демыгъэхьэхыным теухуа къалэнхэр.



# Ущыпсэуну тынш къалэхэр

**Налшык, Май, Шэджэм щыпсэухэм я проектхэр Къалэхэр ущыпсэуну тынш щІынымкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэм зэрыщытекІуам щхьэкІэ ехъуэхъуащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.**

«КЪАЛИЩМИ я гупхэм фІыуэ загъэхьэзырат. Шэч хэлъкъым а проектхэм я фІыгъэкІэ къалэхэри нэхъ дахэ, цІыхухэми я псэукІэр нэхъыфІ зэрыхъунум. Къару нэхъыщхьэу а лэжьыгъэм хэтщ ди Президент Путин Владимир къыхилъхьа «Къалэхэр ущыпсэуну тынш щІынымкІэ» проектыр, - щетх и напэкІуэцІым КІуэкІуэ Казбек.

2025 гъэм зэхьэзэхуэм зрагъэубгъуащ. Абы хэтыну хуитт зи бжыгъэр цІыху мин 300-м щІигъу къалэхэр, тхыдэ, административнэ псэупІэхэр. ТекІуар къыхахын папщІэ, мы гъэм ирагъэкІуэкІа урысейпсо ІэІэтым хэтащ цІыху мелуан 16,5-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкІыу зэпеуэм хэтащ Налшык, Май къалэхэмрэ Шэджэм районымрэ я муниципальнэ гупхэр.

ТекІуэныгъэ къэзыхьа проектым ипкъ иткІэ, Май къалэм «Пшэплъ» зи цІэ парк щаухуэнущ. Абы зыщиубгъунущ Энгельсым и цІэр зезыхьэ уэрамым деж. Жыг сатырхэр, щхьэ зытелъ тетІысхьэпІэхэр, спорт объектхэр, сабий джэгупІэхэр, щхъуантІагъэм хухэха щІыпІэхэр, къэжыхьыпІэхэр, зэхэзекІуапІэхэр - зыри гулъытэншэу къагъэнакъым. Май къалэр иджы етІуанэ щытокІуэ мы зэхьэзэхуэм.

Шэджэм щызэфІахынущ «Къалэм уиутІыпщыркъым» проектыр. Абы хохьэ теплъэ дахэ зиІэ дамыгъэхэр: къуршхэр, псыежэххэр, щхъуантІагъэм къыхэщІыкІахэр, лъэпкъ нэщэнэхэр. Проектым хэт Іыхьэр Налшык здэщыІэ лъэныкъуэм гъэзауэ къалэм и курыкупсэм хеубыдэ, аращи, Шэджэм и хьэблэщІэхэм щыпсэухэр зыІэпишэнущ. ЗэхэзекІуапІэхэр, зыгъэпсэхупІэхэр, спорт джэгупІэхэр хеубыдэ проектым. Шэджэм иджы ещанэ зэхьэзэхуэм щытокІуэ. ИджыпстукІэ къалэм щызэфІах «Псыежэхым ІэплІэ къытхуещІ» проектыр.

Налшык щІалэгъуалэр нэхъуеиншэу зыпэплъа «экстрим-парк» къыщызэІуахынущ. Мылылъэ сэрейр здэщыт, Таман дивизэм и цІэр зезыхьэ уэрамым деж зыщиубгъунущ абы, сабий-щІалэгъуалэ спорт хьэблэ щаухуэм щыгъуэ зэраубзыхуам хуэдэу. Зи гугъу тщІы паркым хэтынущ «спорт шынагъуэм» и лІэужьыгъуэхэм яхухэха зыгъэсапІэ, сабий джэгупІэ, щхъуантІагъэм къыхэщІыкІа гъэлъэгъуапІэ, зыгъэпсэхупІэ, зекІуапІэ, машинэ гъэувыпІэ, къинэмыщІ объектхэр.

# ЛъэныкъуитІымкІи щызэблокІ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ ІуэхукІэ хуэзащ Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и унафэщІ Отаров Мухьтар.**

АХЭР тепсэлъыхьащ Тырныауз ятІэпс къызэрыщехам къриkІуахэр гъэзэкІуэжа зэрыхъум. НобэкІэ къалэм пхыкІ гъуэгухэм мывэрэ ятІэу щызэтрихьар трагъэкъэбзыкІыжащ, къэнэжар ЩэнхабзэкІэ уардэунэм и пщІантІэращи, ар нобэ-пщэдей зэфІэкІыну Іуэхущ.

Автомашинэхэр щызекІуэн папщІэ, пІалъэкІэ къагъэщхьэпэну гъуэгу щхьэхуэ къызэІуахащ. Автомобилхэри, хьэлъэзешэхэри, цІыхухэр къезышэкІхэри абы лъэныкъуитІымкІи унэтІауэ, Госавтоинспекцэм и нэІэ щІэту щызэблокІ. Къэрал гъуэгу зыкІуэцІрыкІ Герхожан-Суу псыежэхым телъ лъэмыжыр зэрагъэпэщыжын щІадзащ, абы и лъабжьэри ягъэкъабзэ. Къалэм и инфраструктурэмрэ ятІэпс къех хъумэ, къэзыгъэувыІэну кІэнауэхэмрэ я проектхэм ІэщІагъэлІхэр йолэжь.

ЗэІущІахэр тепсэлъыхьащ районыр гъэплъыгъуэ зэманым зэрыхуэхьэзыр щІыкІэм, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм игъэлажьэ хьэкухэмрэ къинэмыщІ зэрагъэплъ ІэмэпсымэхэмрэщІэкІэ зэхъуэкІын зэрыхуейм и гугъу ящІащ.

# Жэуаплыныгъэ ин я пщэ къыдохуэ

**Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министру КъБР-м щыІэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав яхуэзащ Урысей МВД-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэу Кикотя В.Я. и цІэр зезыхьэ Мэзкуу университетыр, Волгоград, Новгород Ищхъэрэ академиехэр, Воронеж, Краснодар университетхэр, абы и къудамэу Ставрополь щыІэр, Ростов юридическэ институтыр къэзыуха цІыху 45-м.**



ЕДЖАПІЭ нэхъыщхьэхэр къэзыухыу офицер цІэр зыфІаща лэжьакІуэщІэхэм къулыкъур щрахьэкІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ МВД-м.

Крючков Вячеслав абыхэм епсэлъащ, къыхигъэщащ щІалэгъуалэм жэуаплыныгъэшхуэ я пщэ къызэрыдэхуэр икІи жиІащ щІыхьрэ пщІэрэ яІэу лэжьэну зэригуапэр.

- Зыщывмыгъэгъупщэ, ди къалэн нэхъыщхьэ махуэ къэс дгъэзащІэр – ар цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ щІэпхъаджащІэхэм ящыхъумэнымрэщ. Си фІэщ мэхъу зыІэрывгъэхьа щІэныгъэхэр республикэм щыпсэухэм я дежкІэ сэбэп зэрыхъунур, - къыхигъэщащ министрым.

ЕджапІэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэм жаІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэр щыхъумэным я къару псори зэрырахьэлІэнур.

**УАРДЭ Жантинэ.**

# ЕхъулІэныгъэщІэхэм дыхуэзыунэтІ дамыгъэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

ЗэгурыІуэныгъэм и утыр махуэшхуэм хуагъэхьэзырат. Абдеж Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ныпхэр щаІэтащ, къэрал гимнхэр щІэту. НыбжьыщІэхэм утым щаубгъуащ метр 30 зи кІыхьагъ, 20 зи бгъуагъ триколорыр.

Урысей Федерацэм и къэрал ныпым и махуэм хуагъэхьэзыра пшыхьыр ягъэдэхащ КъБР-м и цІыхубэ артист Текуев Амур, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист ЦокІыл Азэмэт, КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыІакІуэхэу ПащІэ Маринэрэ ДыщэкІ ФатІимэрэ, Мэзыхьэ Анастасие, иджырей къафэмкІэ щапхъэ зытрах «Арабеск» ансамблым.



КъБР-м и Правительствэмрэ республикэм ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министерствэмрэ я къарукlэ зэхыхьэ дахэхэр къыщызэрагъэпэщащ Налшык къалэм ЩІалэгъуалэм я унэу дэтым и гупэм, ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм, Искож хьэблэм щыІэ «Зэныбжьэгъугъэ» зыгъэпсэхупІэм. Абыхэми цІыхушхуэ къызэхуашэсащ: хьэщІэхэр «Си къэралым и нып» зыфІаща пшыхьым еплъащ, «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» Іуэхум хыхьэу, триколор лентІхэр цІыхухэм хуагуэшащ, ныпым и плъыфищыр зэкІэлъыкІуэу аквагрим ІэмалкІэ зыхуейхэм трагъэщІыхьащ, ину ягъэува къэрал ныпым деж щыту сурэтхэр зытрагъэхыну Іэмал яІащ. Нэхъ цІыкІухэм папщІэ «Гъэмахуэр - сабийхэм» Іуэхур ирагъэкІуэкІащ. Урысейм и къэрал нып дахэм иращІэкІа зэхыхьэхэм цІыхухэм я нэгу зыщиужьауэ жыпІэ хъунущ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Хэкупсагъэр щытепщэт

### Нарткъалэ и «Нарт» хэщІапІэм

Урысейм и къэрал ныпым и махуэр республикэм и къалэ, щІыналъэ псоми Іэтауэ щагъэлъэпІащ. ***Аруан районым*** хыхьэ Нарткъалэ дэт лицей №1-м и пщІантІэм Урысей ныпыр щаІэтащ ныбжьыщІэхэм я Іэгуауэшхуэм щІэту. ЗэІущІэм хэтащ лицейм щеджэхэмрэ щылажьэхэмрэ, Аруан район администрацэм и лэжьакІуэхэр, КъБР-м «Хэкум и хъумакІуэхэр» и фондым и ІэщІагъэлІхэр. ГуфІэгъуэ зэхыхьэм хьэщІэ лъапІэу кърагъэблэгъат дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэр.

Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм, хэкупсагъэм, Хэкум и дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ и тхыдэмрэ я нэщэнэ ныпыр къэрал гимныр къеуэу яІэтащ лицейм нэхъыфІу щеджэ ныбжьыщІэхэм.

Нарткъалэ дэт «Нарт» щІалэгъуалэ центрым а махуэм къыщызэрагъэпэщащ щІалэгъуалэ зэчииифІэхэр зыхэта зэпеуэ, зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Ахэр псори зытеухуэжар Урысейм и тхыдэр, къэралыгъуэр хъумэнырт, ди цІыхухэм я хэкупсагъэр нэхъри нэхъ быдэ щІынырт. Нэхъ цІыкІу дыдэхэм асфальтым мел щхъуэкІэплъыкІэхэмкІэ тращІыхьащ плъыфищу зэхэлъ ныпым и сурэтыр.

### Бахъсэндэсхэр зэхохьэ

***Бахъсэн къалэм*** щыпсэухэри и хьэщІэхэри къыдэкІащ махуэшхуэм хэтыну. «Урысейм и ныпым дропагэ» Іуэху дахэр щрагъэкІуэкІащ ЩэнхабзэмкІэ унэм и гупэ утым. Абы къекІуэлІащ сабийхэри, щІалэгъуалэри, нэхъыжьыІуэхэри. Дэтхэнэми а махуэм иджыри зэ нэхъ лейуэ егъэлъагъуэ къыщалъхуа щІыналъэм цІыхум дежкІэ и мыхьэнэр, апхуэдэ дыдэуи зыхещІэ хэкум япэ ибгъэщ хъун зэрыщымыІэр.

НыбжьыщІэхэр хэкум хуэпэжу, къэралым и тхыдэр фІыуэ ящІэу къэгъэхъуным ехьэлІауэ волонтерхэм къалэдэсхэмрэ хьэщІэхэмрэ хуагуэшащ данлъэчхэмрэ Урысейм и тхыдэмрэ и дамыгъэ нэхъыщхьэхэмрэ зэрыт тхылъ цІыкІумрэ. Сабий творчествэмкІэ центрым нэхъ цІыкІухэр зэхуишэсащ икІи къэрал ныпыр щІыным теухуа мастер-класс иригъэкІуэкІащ.

А махуэм къалэ паркым щекІуэкІащ ЩэнхабзэмкІэ унэм и лэжьакІуэхэр зыхэта концерт. Дыгулыбгъуей къыщызэрагъэпэщащ «Си къэралым и ныпыр» флешмобыр.

### Ныпым къигъэуш гугъэхэр

Махуищ-плІым къриубыдэу ***Тэрч районым*** и библиотекэхэм къыщызэрагъэпэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысей Федерацэмрэ я къэрал дамыгъэхэр» фІэщыгъэцІэм щІэт гъэлъэгъуэныгъэр. Тэрч къалэм дэт Гъуазджэмкlэ сабий школым щызэхыхьащ зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэм я ІэдакъэщІэкІхэм еплъыну гупыж зыщІахэр. Ахэр псори зытеухуар, дауи, къэрал ныпырт, абы лъабжьэ хуэхъу гупсысэ нэхъыщхьэрт - хэкупсагъэр, зэкъуэтыныгъэр, зэныбжьэгъугъэр, зэгурыІуэныгъэр ди гъуазэу дыпсэун, щІэблэр абы хуэдгъэсэн зэрыхуейрт.

### Хэкум хуэпэжу ягъасэ

ШыщхьэуІум и 18-м щегъэжьауэ 22 пщІондэ ***Дзэлыкъуэ районым*** Іуэхугъуэ хэхахэр щрагъэкІуэкІащ «Лъэпкъым и дамыгъэ» фІэщыгъэцІэм щІэту.

Каменномост къуажэм дэт, Къамбий Мухьэб и цІэр зезыхьэ къуажэ курыт еджапІэм щызэхуэсащ къуажэдэс нэхъыжьхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, щІалэгъуалэр, школакІуэхэр. Къуажэм дэс ветеранхэм я зэгухьэныгъэм хэт Кумыщ Малилрэ ЩэнхабзэмкІэ унэм и унафэщІ Алмэ Аслъэнрэ ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ къэрал ныпым, абы и мыхьэнэм, и пщІэм. ШколакІуэ нэхъыщІэхэм щІэщыгъуэ ящыхъуащ ныпыр къэрал ныпыр къызэрыунэхуауэ щытар, абы и плъыфэхэм къарыкІыр, ар зэкъуэтыныгъэм и дамыгъэ зэрыхъуар.

Мазэ псом къриубыдэу мы щІыналъэм щекІуэкІынущ творческэ зэпеуэхэр, концерт-хэр, тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэр.

### Метр 20 и кІыхьагъыу

***Шэджэм щІыналъэм*** и щІалэгъуалэм хуабжьу зыхуагъэхьэзырат Урысейм и къэрал ныпым и махуэм. ТекІуэныгъэм и паркым абыхэм щаукъуэдияещ метр 20 зи кІыхьагъ ныпыр. ЩІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм хэт щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ къэрал ныпым и мыхьэнэм, абы хуэщІын хуей пщІэм, хэкур, лъэпкъыр, укъызыхэкІар бгъэлъапІэу дунейм узэрытетыпхъэм теухуауэ я гупсысэхэр къыщаІуатэ видео теплъэгъуэ трахащ.

### Паспортхэр иратыж

***Бахъсэн район*** администрацэм и гупэ утым махуэ лъапІэм ирихьэлІэу паспортхэр щратыжащ зи ныбжь нэса щІалэгъуалэм. Махуэ лъапІэм теухуа данлъэчхэр щагуэшащ зэхыхьэм. ЩІыналъэм и къуажэхэми зэхыхьэ щхьэпэхэр къыщызэрагъэпэщащ, псом хуэмыдэу Іуэхум жыджэру хэтащ къуажэ курыт еджапІэхэр.

### ЩІэблэм я махуэшхуэ

«Зы ныпым и лъабжьэм дыщІэту», «Плъыфищу зэхэлъ ди нып» флешмобу ***Іуащхьэмахуэ районым*** щрагъэкІуэкІам ныбжьыщІэ куэд зэхуишэсат. Махуэшхуэр зейр ахэра фІэкІа умыщІэну гукъыдэжыр я куэду зэрахьащ Іуэхур. КъэкІуэнур зейр щІалэгъуалэращ жыхуаІэм хуэдэу ныпым зэкъуигъэувэн хуейри, ар гъуазэ зыхуэхъун хуейри къыдэкІуэтей щІэблэр зэрыарар къагурыІуэу, щІыналъэм и жылэхэм щекІуэкІа зэхыхьэхэр гъэщІэгъуэну ягъэпсат.

Куэдрэ ящымыгъупщэжыну телъыджэ хъуащ уафэгум ираутІыпщхьа шар хужьхэр, плъыжьхэр, щІыхухэр.

### Зэпеуэхэри хэту

***Прохладнэ къалэ*** округымрэ щІыналъэмрэ, ***Май районым***, адрей куейхэм зыкъыкІэрамыгъэхуу, зыхуагъэхьэзыращ махуэшхуэм. Абы щекІуэкІащ тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэр, сурэт щІынымкІэ зэпеуэхэр. А махуэм паспортхэр иратыжащ нэхъыфІу еджэ ныбжьыщІэхэм. ШколакІуэхэр хэкупсагъэм хуэзыгъэуш фІэщыгъэцІэхэр зиІэ зэхыхьэ гукъинэжхэр къыщызэрагъэпэщащ Алътуд, Пролетарскэм, Заречнэм, нэгъуэщІ жылэхэми.

Май къалэкум пщыхьэщхьэм щекІуэкІащ «Пагэу мэхуарзэ къэралым и ныпыр» концертыр. Абы еплъыну къызэхуэсат къалэдэсхэри къуажэхэм къикІахэри.

### Сабий зэчииифІэхэр

***Лэскэн щІыналъэм*** хыхьэ Ташлы-Тала, Анзорей, Аргудан, Лэскэн ЕтІуанэ, Ерокъуэ, Хьэтуей жылэхэм сабий къэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ гупхэр зыхэта зэхыхьэхэр щекІуэкІащ. ГъуазджэмкІэ сабий школым къыщызэрагъэпэщащ цІыкІухэм я ІэдакъэщІэкІхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Апхуэдэуи районым и ЩІалэгъуалэ центрым щызэхуэсат махуэшхуэм хэтыну гупыж зыщІахэр. Къуажэхэм щыІа зэІущІэхэм хэтахэр зэхуэсыжри, къэрал ныпыр яІыгъыу машинэкІэ къажыхьащ.

### Гупсысэ куу щІэлъу

Ныпым и махуэм траухуа Іуэхугъуэхэм гупсысэ куу ящІэлърэ ар ныбжьыщІэхэм бгъэдалъхьэм яфІэфІу зэхыхьэ гъэщІэгъуэнхэр къыщызэрагъэпэщащ ***Шэрэдж районым*** ит библиотекэхэм. Абы тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэри щекІуэкІащ, цІыкІухэм я гупсысэр зыунэтІ зэпсэлъэныгъэхэри къыщызэрагъэпэщащ. Дыгъуасэ Къэщкъэтау дэт ЩэнхабзэмкІэ унэм и гупэм щызэхашащ къэрал ныпым иращІэкІа дауэдапщэхэм я нэхъыщхьэ концерт зэІухар.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**





## Мы махуэхэм

**Шыщхьэуlум и 23,** *щэбэт*

- **Гъэрхэмкlэ сату щІыным хэкІуэдахэм я фэеплъыр щагъэлъапІэ дунейпсо махуэщ**
- **1992 гъэм** ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академиер къызэрагъэпэщащ.
- **1914 гъэм** къалъхуащ РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щІыхь зиІэ я артист **Жыгун Тимэ**.
- **1926 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ я артисткэ **Шортэн Даниткэ**.
- **1956 гъэм** къалъхуащ пшынауэ, УФ-м щІыхь зиІэ я артист, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ХьэпащІэ Заудин**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

**Шыщхьэуlум и 24,** *тхьэмахуэ*

- **1830 гъэм** дунейм ехыжащ Къэбэрдей пщы уэлий хахуэ Жанхъуэт Кушыку.
- **1943 гъэм** Къардэн Къубатий Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр къыфІащащ.
- **2008 гъэм** Пекин щызэхуащІыжащ XXIX гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Китайм и къалащхьэм дыщэ медаль къытхурихауэ щытащ адыгэ бэнакІуэ **Хъущт Аслъэнбэч**.
- **1943 гъэм** къалъхуащ адыгей усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **КъумпІыл Къадырбэч**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 33 - 34-рэ, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

**Шыщхьэуlум и 25,** *блыщхьэ*

- **Дзыгъуэнэфым и дунейпсо махуэщ**
- **1530** гъэм къалъхуащ Рюриковичхэ ящыщ япэ урыс пащтыхь, адыгэпщ Идар Темрыкъуэ и малъхъэ **Иван IV Грознэр**.
- **1960 гъэм** къалъхуащ нейрохирург, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Семэн Жаннэ**.
- **1966 гъэм** къалъхуащ публицист, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Къэзанш Людмилэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Нэм пэжыжьэми, гум пэблагъэщ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 25

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 17.00** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**19.40** «Большая игра» с Дмитрием Саймсом (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ЧИСТЫЕ РУКИ» (16+)
**23.00** Т/с «ДОКТОР ПРЕОБРАЖЕНСКИЙ» (16+)
**00.00** «Большая игра» (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
**23.30** «Новая волна-2025»
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**05.00** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СЕВЕРНЫЕ РУБЕЖИ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ОСОБОЕ ЗАДАНИЕ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
**23.40** Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
**01.50** Т/с «ИГРА. РЕВАНШ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.15** Т/с «ОДЕССИТ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
**12.35, 13.25, 15.05** Т/с «СНАЙПЕРЫ. ЛЮБОВЬ ПОД ПРИЦЕЛОМ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.20, 17.15** Т/с «СНАЙПЕРЫ. ЛЮБОВЬ ПОД ПРИЦЕЛОМ» (16+)
**18.00** «Партизаны. Ставшие тенью». «Остановить «Тайфун» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
**01.00** Х/ф «ДВА ДОЛГИХ ГУДКА В ТУМАНЕ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Д/с «Искатели»
**07.25** Легенды мирового кино
**07.55** Х/ф «ЮНОСТЬ МАКСИМА» (16+)
**09.30** Звезды русского авангарда
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Д/ф «Звезда Янины Жеймо. Рассказывает Агриппина Стеклова»
**10.30** Диалоги о животных
**11.10** Х/ф «ИЗ ЖИЗНИ ОТДЫХАЮЩИХ» (16+)
**12.45** Д/ф «Роман в камне»
**13.15** Оттепель. В добрый час
**13.30** Д/ф «Экспедиция в Петру. По дороге благовоний»
**14.25, 21.30** Х/ф «МИМИНО» (16+)
**15.55** Д/ф «Анна Тимирева. Возлюбленная Колчака»
**16.40** Семидесятые
**17.15** Д/с «Доминанты»
**18.00** Д/ф «Я шагаю по Москве». Летний дождь и его последствия»
**18.45** Д/с «Галерея»
**19.45** Д/с «Завтра не умрет никогда»
**20.25** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.40** «Острова»
**23.00** Д/с «Стоп! Сшито! Костюм в кино»
**23.30** Спектакль «С роботами не шутят»
**00.40** Д/с «Доминанты»

### МАТЧ!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** «Все о главном» (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 11.35, 23.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** Лица страны (12+)
**09.25** «Культовые» (12+)
**10.30** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**12.35** Специальный репортаж (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Магия большого спорта (12+)
**14.55** «Лучшие из лучших» (12+)
**15.30** Смешанные единоборства. Дж. Уокер - Ж. Мингианг. UFC. Трансляция из Китая (16+)
**16.55** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура
**18.00** Громко. Прямая трансляция
**19.25** Футбол. «Ротор» (Волгоград) - «Торпедо» (Москва). Лига Пари. Прямая трансляция
**21.35** Футбол. «Интер» - «Торино». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**01.00** «Культовые» (12+)
**02.00** Регби. «Енисей-СТМ» (Красноярск) - «Слава» (Москва). Pari. Чемпионат России

## Гъубж, шыщхьэуIум и 26

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 17.00** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**19.40** «Большая игра» с Дмитрием Саймсом (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ЧИСТЫЕ РУКИ» (16+)
**23.00** Т/с «ДОКТОР ПРЕОБРАЖЕНСКИЙ» (16+)
**00.00** «Большая игра» (16+)
**01.15** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
**23.30** «Новая волна-2025»
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»

### НТВ

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ОСОБОЕ ЗАДАНИЕ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
**23.40** Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
**01.50** Т/с «ИГРА. РЕВАНШ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.10** Т/с «СНАЙПЕРЫ. ЛЮБОВЬ ПОД ПРИЦЕЛОМ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
**12.35, 13.25, 15.05** Т/с «СНАЙПЕРЫ. ЛЮБОВЬ ПОД ПРИЦЕЛОМ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.20, 17.15** Т/с «СНАЙПЕРЫ. ЛЮБОВЬ ПОД ПРИЦЕЛОМ» (16+)
**18.00** «Партизаны. Ставшие тенью». «Курский рубеж» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
**00.40** Х/ф «ТРИ ПРОЦЕНТА РИСКА» (16+)
**01.50** Х/ф «ДВА ДОЛГИХ ГУДКА В ТУМАНЕ» (16+)
**03.05** Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)
**03.30** Т/с «СНАЙПЕРЫ. ЛЮБОВЬ ПОД ПРИЦЕЛОМ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Д/с «Искатели»
**07.20** Легенды мирового кино
**07.45** Х/ф «ПУТЕВКА В ЖИЗНЬ» (16+)
**09.30** Звезды русского авангарда
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Д/ф «Звезда Валентины Серовой. Рассказывает Марина Александрова»
**10.35** Диалоги о животных
**11.20** Спектакль «С роботами не шутят»
**12.45, 23.00** Д/с «Стоп! Сшито! Костюм в кино»
**13.15** Оттепель. В добрый час
**13.30** Д/ф «Версаль: вызов для Короля-Солнце»
**14.20** Х/ф «ПО ГЛАВНОЙ УЛИЦЕ С ОРКЕСТРОМ» (16+)
**15.50** Д/ф «Эрнест Бо. Император русской парфюмерии»
**16.45** Семидесятые
**17.15** Д/с «Доминанты»
**18.00** Д/ф «Формула любви». Уно моменто!»
**18.45** Д/с «Галерея»
**19.45** «Монолог в 4-х частях»
**21.30** Х/ф «ПО ГЛАВНОЙ УЛИЦЕ С ОРКЕСТРОМ» (16+)
**23.30** Х/ф «ПРИКЛЮЧЕНИЯ ЭЛЕКТРОНИКА» (16+)
**00.45** Д/с «Доминанты»
**01.35** Д/ф «Версаль: вызов для Короля-Солнце»
**02.25** Д/ф «Его Голгофа. Николай Вавилов»

### МАТЧ!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** «Наши иностранцы» (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 11.35, 15.30, 22.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05, 12.35** Специальный репортаж (12+)
**09.25** «Культовые» (12+)
**10.30** Смешанные единоборства. О. Борисов - П. Витрук. АСА. Трансляция из Санкт-Петербурга (16+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Магия большого спорта (12+)
**14.55** «Лучшие из лучших» (12+)
**16.55** Д/ф «Самый лучший тренер в мире - Павел Федорыч Садырин!» (12+)
**18.15** Футбол. «Оренбург» - «Зенит» (Санкт-Петербург). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**20.30** Футбол. «Спартак» (Москва) - «Пари НН» (Нижний Новгород). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**00.30** Матч! Парад (16+)
**01.00** «Культовые» (12+)
**02.00** Регби. «ВВА-Подмосковье» (Монино) - «Динамо» (Москва). Pari. Чемпионат России (12+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Триатлон. Суперлига. Трансляция из США (6+)

## Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 27

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 17.00** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**19.40** «Большая игра» с Дмитрием Саймсом (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ЧИСТЫЕ РУКИ» (16+)
**23.00** Т/с «ДОКТОР ПРЕОБРАЖЕНСКИЙ» (16+)
**00.00** «Большая игра» (16+)
**01.15** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
**23.30** «Новая волна-2025»
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.45, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ОСОБОЕ ЗАДАНИЕ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
**23.40** Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
**01.50** Т/с «ИГРА. РЕВАНШ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.05** Т/с «СНАЙПЕРЫ. ЛЮБОВЬ ПОД ПРИЦЕЛОМ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «ОТДЕЛ С.С.С.Р.» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** «Партизаны. Ставшие тенью». «Ваупшасов против Кубе» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Секретные материалы». Д/с (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
**01.50** Х/ф «ТЫ ДОЛЖЕН ЖИТЬ»
**03.10** Д/с «Стрелковое вооружение русской армии» (16+)
**03.50** Т/с «ОТДЕЛ С.С.С.Р.» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Д/с «Искатели»
**07.20** Легенды мирового кино
**07.45** Х/ф «ВОЗВРАЩЕНИЕ ВАСИЛИЯ БОРТНИКОВА» (16+)
**09.30** Звезды русского авангарда
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Д/ф «Звезда Фаины Раневской. Рассказывает Агриппина Стеклова»
**10.35** Диалоги о животных
**11.15, 23.30** Х/ф «ПРИКЛЮЧЕНИЯ ЭЛЕКТРОНИКА» (16+)
**12.45, 23.00** Д/с «Стоп! Сшито! Костюм в кино»
**13.15** Оттепель. В добрый час
**13.30** Д/ф «Версаль: вызов для Короля-Солнце»
**14.20** «Доброе утро»
**15.45** Д/ф «Сюжеты вокруг сюжетов. Брат мой - враг мой»
**16.40** Семидесятые
**17.15** Д/с «Доминанты»
**18.00** Д/ф «Девчата». Фигуры может и нет, а характер - налицо!»
**18.45** Д/с «Галерея»
**19.45** Д/с «Завтра не умрет никогда»
**20.25** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.40** Эпизоды
**21.20** Спектакль «Самая большая маленькая драма»
**00.35** Д/с «Доминанты»
**01.20** Д/ф «Версаль: вызов для Короля-Солнце»
**02.10** Д/ф «Анна Тимирева. Возлюбленная Колчака»

### МАТЧ!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** «Голевая неделя. РФ» (6+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 11.35, 15.30, 22.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05, 12.35** Специальный репортаж (12+)
**09.25** «Культовые» (12+)
**10.30** Профессиональный бокс. М.А. Баррера - М. Пакьяо. Трансляция из США (16+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Магия большого спорта (12+)
**14.55** «Лучшие из лучших» (12+)
**16.00** Футбол. «Крылья Советов» (Самара) - «Динамо» (Москва). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**18.15** Футбол. «Сочи» - «Краснодар». Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**20.30** Футбол. «Балтика» (Калининградская область) - ЦСКА. Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**00.30** Матч! Парад (16+)
**01.00** «Культовые» (12+)
**02.00** Каратэ. Чемпионат России. Трансляция из Екатеринбурга (12+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Баскетбол 3х3. Кубок России. Трансляция из Сириуса (6+)

## Махуэку, шыщхьэуIум и 28

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 17.00** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**19.40** «Большая игра» с Дмитрием Саймсом (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ЧИСТЫЕ РУКИ» (16+)
**23.00** Т/с «ДОКТОР ПРЕОБРАЖЕНСКИЙ» (16+)
**00.00** «Большая игра» (16+)
**01.15** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
**23.35** Х/ф «ПОД ПРИЦЕЛОМ ЛЮБВИ» (16+)
**01.40** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ОСОБОЕ ЗАДАНИЕ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ЛИХАЧ» (16+)
**23.40** Т/с «ЕМЕЛЯ» (16+)
**01.50** Т/с «ЧЕЛОВЕК НИОТКУДА» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.15** Т/с «ОТДЕЛ С.С.С.Р.» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «ОТДЕЛ С.С.С.Р.» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** «Партизаны. Ставшие тенью». «Чапаев» против Вермахта» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Код доступа» (12+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «ВЕЧНЫЙ ЗОВ» (16+)
**01.55** Х/ф «СТАРШИНА» (16+)
**03.20** Х/ф «ТЫ ДОЛЖЕН ЖИТЬ» (16+)
**04.55** Т/с «ОТДЕЛ С.С.С.Р.» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Д/с «Искатели»
**07.20** Легенды мирового кино
**07.45** Х/ф «АЛЕКСАНДР НЕВСКИЙ» (16+)
**09.30** Звезды русского авангарда
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Д/ф «Звезда Тамары Макаровой. Рассказывает Виктория Исакова»
**10.35** Диалоги о животных
**11.20, 23.30** Х/ф «ПРИКЛЮЧЕНИЯ ЭЛЕКТРОНИКА» (16+)
**12.45, 23.00** Д/с «Стоп! Сшито! Костюм в кино»
**13.15** Оттепель. В добрый час
**13.30** Д/ф «Франция. Путешествие во времени»
**14.30** Спектакль «Малыш». 100 лет со дня рождения Аркадия Стругацкого
**16.10** Д/ф «Исторические курорты России»
**16.40** Семидесятые
**17.15** Д/с «Доминанты»
**18.00** Д/ф «Покровские ворота». Мой отец запрещал, чтоб я польку танцевал!»
**18.45** Д/с «Галерея»
**19.45** Д/с «Завтра не умрет никогда»
**20.25** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.40** «Острова»
**21.25** Х/ф «ПРОЩАНИЕ СЛАВЯНКИ» (16+)
**22.45** Семидесятые
**00.35** Д/с «Доминанты»
**01.20** Д/ф «Франция. Путешествие во времени»
**02.15** Д/ф «Катя и принц. История одного вымысла»

### МАТЧ!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** «Третий тайм» (12+)
**07.00, 09.00, 12.25, 16.05** Новости
**07.05, 11.35, 16.10, 22.20** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** Специальный репортаж (12+)
**09.25** «Культовые» (12+)
**10.30** Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из США (16+)
**12.30** Есть тема! Прямая трансляция
**13.55** Гребля на байдарках и каноэ. Кубок Доброй Воли. Прямая трансляция из Москвы
**17.15** Д/ф «Великий «Юнайтед» (12+)
**19.15** Футбол. «Локомотив» (Москва) - «Акрон» (Тольятти). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**21.30** Футбол. Fonbet. Кубок России. Обзор (6+)
**23.45** Хоккей. «Спартак» (Москва) - ЦСКА. Кубок мэра Москвы (12+)
**02.00** Гребля на байдарках и каноэ. Кубок Доброй Воли. Трансляция из Москвы (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Легкая атлетика. Бриллиантовая лига. Трансляция из Швейцарии (6+)

## 1 КъБР ★ «Мир» канал

**Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 25**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Жьым нэхърэ нэхъ псынщIэу» (12+)
**6.25** «Композитор». КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Малкандуев Ахъмэт
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «ЩIапхъэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Ёзден адет» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.55** «Мастэм щышынэ хьэщхьэвылъэ». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.30** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**17.45** «Тхылъымрэ сэрэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.05** «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.45** «Дызэгъусэу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Бжьыхьэ къакIуэ пщIондэ» (12+)
**20.25** «ЩIанэ жанхэр». Викторинэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, шыщхьэуIум и 26**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Iуащхьэмахуэ лъапэ» (12+)
**6.20** «Бжьыхьэ къакIуэ пщIондэ» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «ЩIанэ жанхэр». Викторинэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Сабиигъуэр зауэм зыIэщIихахэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.30** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр». Iуащхьэмахуэ лъапэ (12+)
**17.25** «Хэкупсэхэр». Дзэ Iуэху хэхам и ветеран Мэзло Заурбэч (12+)
**17.55** «Усыгъэм гъунэ иIэкъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.15** «СызоплъэкIыж». Дыджэ Нинэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Лэгъупыкъу». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Сабиигъуэр зауэм зыIэщIихахэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.10** «Къыхэхахэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.30** «ХьэщIэщ». Котляревскэ къуажэ (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 27**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.25** «СызоплъэкIыж». Дыджэ Нинэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Уузыншэмэ». Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат ЦIагъуэ Мадинэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Къыхэхахэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Классикэр псоми папщIэ» (12+)
**8.45** «Джэдум и унэ». Сабийхэм папщIэ спектакль (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**17.50** «Спорт утыку цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.10** ЩIалэгъуалэхэм папщIэ нэтын (12+)
**18.35** «ЩIэныгъэр- гъуазэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Гъэмахуэ». Литературэрэ макъамэу зэхэлъ композицэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «ЩIэплъыпIэ» (12+)
**20.05** «Ракурс». УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм КъБР-м щрагъэкIуэкIа зэIущIэ (12+)
**20.30** «КъэкIуэнум телажьэ». Жамборэ Риммэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Ди щIэинхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, шыщхьэуIум и 28**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** «ЩIэплъыпIэ» (12+)
**6.40** «Ракурс». УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм КъБР-м щрагъэкIуэкIа зэIущIэ (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «КъэкIуэнум телажьэ». Жамборэ Риммэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.40** «IэщIагъэ дызыхуэныкъуэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Ди щIэинхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.40** «Спорт утыку цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Удэзыхьэх Iуэхухэм я клуб» (6+)
**17.40** «Азери» лъэпкъ щэнхабзэ центрыр (12+)
**18.05** «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.40** «ЦIыху гъащIэ». ХьэфIыцIэ Данэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.10** «Къыхэхахэр». Байрамуковэ ФатIимэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**20.00** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъан (12+)
**20.15** «Пэжыр и гъуазэу». КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Мыз Ахьмэд (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Усэ къыщеджэ пщIантIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ». Гъэ еджэгъуэщIэм теухуауэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, шыщхьэуIум и 29**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
**6.20** «Тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэр». Москва къалэ (12+)
**6.25** «Азери» лъэпкъ щэнхабзэ центрыр (12+)
**6.50** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъан (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Пэжыр и гъуазэу». КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Мыз Ахьмэд (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ». Гъэ еджэгъуэщIэм теухуауэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.40** «Усэ къыщеджэ пщIантIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.50** Абрамцевэ Н. «Сэ сыхэт?». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Щытхъу зиIэ дохутыр» (12+)
**17.50** «Кавер-шоу». Макъамэ нэтын (12+)
**18.30** «Уи пщIэр уи IуэхущIафэрщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.00** «IэпщIэлъапщIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «ЩIыналъэхэм щыхъыбархэр» (12+)
**20.15** «Щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.30** «Чэнджащэ щыуэркъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 30**

**6.00** «ЩIыналъэхэм щыхъыбархэр» (12+)
**6.30** «Iусен Олег теухуауэ» (12+)
**7.05** «Уи пщIэр уи IуэхущIафэрщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Чэнджащэ щыуэркъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.10** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.50** «Пхъуантэ телъыджэ цIыкIу». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ЩIылъэмрэ уэгумрэ ятеухуауэ» (12+)
**17.20** «Кавказ зэкъуэт». ЩIалэгъуалэ форум (12+)
**17.35** Артист, журналист, усакIуэ Iусен Олег теухуауэ (12+)
**18.00** «ЩIэин». РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Кузьмин Валентин къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъум ирихьэлIэу (12+)
**18.40** «Узэреплъщ». СурэтыщI Скориков Юрий и фэеплъу (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Адыгэбзэм и плъыр». Кавказыдж-лингвист, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Шагъыр Iэмин (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.45** «Сценэм къыхуигъэщIа». Краснодар къэрал драмэ театрым и артист Щоджэн Асир (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.15** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**20.30** «Хабзэ дахэр лъэпкъым и напэщ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.50** «Алтын къол». IX дунейпсо фестиваль (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 31**

**6.00** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**6.15** «Узэреплъщ». СурэтыщI Скориков Юрий и фэеплъу (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.35** «Сценэм къыхуигъэщIа». Краснодар къэрал драмэ театрым и артист Щоджэн Асир (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.05** «ЩIэин». РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Кузьмин Валентин къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъум ирихьэлIэу (12+)
**7.40** «Шагъди». Телевизионнэ фильм (12+)
**7.55** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.10** «Алтын къол». IX дунейпсо фестиваль (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** Шекспир У. «Отелло». Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и спектакль (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.35** Балъкъэр IуэрыIуатэр зыдж, зыхуэзыхьэсыж Таумурзаев Долхат къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.15** «КъэкIуэнур нобэм пыщIащ». Сценарист, режиссёр, монтажёр, продюсер Гашокин Георгий (12+)
**20.15** «МафIэсым пэщIэтхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.40** «Гъуазджэм и бзэкIэ». КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дэбагъуэ Роман (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (16+)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 25**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** «Псэкупсэ джэлэс» (адыгэбзэкIэ)
**8.35 - 9.00** «ЦIыхур IэщIагъэм къыщыхуигъэщIам деж». Будаевэ Ольгэ (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди хъугъуэфIыгъуэхэр» циклым щыщ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.50** «Вагъуэбэ» (урысыбзэкIэ)
**13.50 - 14.00** «ЛIэщIыгъуэхэм я зэпыщIэныгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.50** Мэкъуауэ Амир. «Масирэт и жыг хадэхэр» повестыр. Ещанэ Iыхьэр (урысыбзэкIэ)
**15.50 - 16.00** «Бзылъхугъэхэм я дунейр» (урысыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** Кациев Хьэбу. «Нэтемыгъахуэ» радиоинсценировкэр (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, шыщхьэуIум и 26**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Ислъам динымрэ гъащIэмрэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «Лъэпкъым и Iущыгъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** Балэ Мухьэдин и творчествэм теухуауэ (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Унэм хуэкIуэж гъуэгур». Бэлагъы Любэ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхум теухуа интервью» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Таурыхъхэм я дунейм – нэгузегъэужьакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «Уэрэдыр гъащIэм щиIэпэгъуу». Думэн Мурадин (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** «Хабзэхэр зэманым декIуу». МафIэдз Сэрэбий (адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 27**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «Театрым къыщыщIидзэр дэнэ деж?» (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «ЛIэщIыгъуэхэм къапхыкIыу» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Нэхъ пасэу радиом къитахэм щыщ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Модэмрэ зэманымрэ емылъытауэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Адыгэ псалъэм хэлъ Iущыгъэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Зыгъэпсэхугъуэ ин» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «Фэеплъ». Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «ЩIым къытрина лъэужьыр» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, шыщхьэуIум и 28**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбарыжь» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «ЩIыуэпсым теухуа этюдхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «КъэкIуэнум теухуа гупсысэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Уэрэдыр зэратхар». Концерт (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Пшапэр зэхэуами, нэхущ». Кузьмин Валентин и фэеплъу (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «XX лIэщIыгъуэм и антологиер» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «И чэзу дыдэщ» (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэ теплъэгъуэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «ЕджапIэм и пщIантIэм» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 18.50** «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ» радиопроектыр. Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Кавказым и симфоние». Къандур Мухьэдин (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, шыщхьэуIум и 29**

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Бгырыс къуажэ: Балъкъэр Ипщэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 9.00** «Лъэпкъ прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.35** «Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэ» (урысыбзэкIэ)
**13.35 - 13.45** «Ар тщIэн хуейщ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ЩIэныгъэхэм я дунейм – зыплъыхьакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Шэрджэс дуней» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Ууаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэм и дакъикъэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Бжэ телъыджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 30**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** «Макъамэ калейдоскоп» (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 31**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** Шаваевэ Миналдан. «Фэ сыт флъэгъуар?» радиоинсценировкэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.10 - 12.00** «Лъэпкъым и псэр къигуфIыкIыу» (адыгэбзэкIэ)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 25**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Тщыгъупщэ хъунукъым». Хьэщкъул Н. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Лъэхъэнэм и цIыхуищэ». Лъэпщокъуэ БетIал (12+)
**17.35** «Пэшым екIу сурэт». Уэлджыр Миланэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, шыщхьэуIум и 26**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Сурэтыр - зэманым и гъуджэщ». СулътIан М. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ЛIакъуэ». Алътуд къуажэ. ЕплIанэ Iыхьэ (12+)
**17.25** «Зэманымрэ къэхъукъащIэмрэ». Хаджиев Д. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 27**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Щоджэн Э. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Налшык ипподромым и тхыдэ (12+)
**17.15** Моттаевэ Светланэ и гуфIэгъуэ пшыхь (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, шыщхьэуIум и 28**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Спортым и дуней». Шахмурзаев Ш. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ЦIыхухэмрэ къэхъукъащIэмрэ» (12+)
**17.30** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Адэмокъуэ Н. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, шыщхьэуIум и 29**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Актёрым и монолог». МафIэдз Заирэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «KAVKAZ MUSIC FEST» дунейпсо макъамэ фестиваль (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 30**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 31**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

## «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 25**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, шыщхьэуIум и 26**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 27**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, шыщхьэуIум и 28**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Мэрем, шыщхьэуIум и 29**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 30**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 31**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

# ФIым езым укъигъуэтыжынущ...

## (МэшбащIэ Исхьэкъ и «Лу» романым теухуа гупсысэ зэпэзэлъэрышэхэр)

**Тхылъым и иужьрей напэкIуэцIыр къыщызэзгъэдзэкIым, къыщезгъэжьам сыхуемыплъэкIыжын слъэкIакъым. Зи гугъу сщIыну тхыгъэм и къегъэжьапIэ дыдэм деж ар зытеухуауэ щытынур тхакIуэм къыщызэщIикъуэжа хуэдэу къысщыхъуащ: «Сытми уезэгъынущ - еми удекIуэкIынущ, фIыми удэгъуэгурыкIуэнущ. Уэращ япэ итыр, шынэ жыхуаIэри пщIэркъым. Япэ итхэм гъуэгур къатехьэлъэми, абыхэм я ужь ирикIуэнухэр тыншынущ, ар зыщумыгъэгъупщэ» - мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ кърегъажьэ АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Абхъазым я цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь МэшбащIэ Исхьэкъ «Лу» зыфIища и романыщIэр. Ар теухуащ XIX – XX лIэщIыгъуэхэм я зэблэкIыгъуэм псэуа адыгэ хьэрычэтыщIэ, псапащIэ цIэрыIуэ Трахъуэ НэхълIыхъу и къуэ Лу къикIуа гъащIэ гъуэгуанэм, бгъэдэлъа зэхэщIыкIым, иIа дуней тетыкIэм.**

ДУНЕЙМ къытехьа тхыгъэщIэр къызэрыгуэкIкъым, ар тхыдэм иджыри зэ уезыгъэблагъэ, блэкIам къыщыхъуа Iуэхугъуэхэм щIэрыщIэу уахэзыгъэплъэж къэхутэныгъэщ, зы цIыхум и гъащIэр тхакIуэм и гупсысэ шыбзэм щIэгъэкIауэ, адыгэ гупсысэкIэм и къупхъэм егъэпщауэ. Къапщтэмэ, ди блэкIам гуитIщхьитI узымыщI къэхъугъэ куэд щемыкIуэкIам хуэдэу къыпщохъу, зы Iуэхугъуэ къэпIэтрэ ар лъэныкъуэ куэдкIэ зэпкърыплъыхьыну иужь уихьэмэ. ТхакIуэм литературэм и пщалъэхэр иригъапщэурэ къиIэта Трахъуэ Лу и гъащIэри зыхэпсэукIа дунейри, къызэрыщIэкIымкIэ, апхуэдэ дыдэщ. Мэкъумэшыщ Iэ унагъуэм къыщыхъуа щIалэ цIыкIум апхуэдиз зэфIэкIрэ лъэкIыныгъэрэ къыздрихар дэнэ? Зыщыщ лъэпкъыр щызэтраукIа лъыгъажэ зауэр зэрыувыIэрэ куэд мыщIауэ, зы адыгэ щIалэ Урысей пащтыхьыгъуэм и цIыху нэхъ бей дыдэхэм ящыщ зэрыхъуар дапхуэдэ щIыкIэкIэ? Сыт хуэдэ щэху хэлъыр щхьэузэ уищIу абы къигъэщIа гъащIэм? Щхьэм апхуэдизкIэ гупсысэ куэдыкIей щызэблокIри, къыхэбубыдыкIынур къыпхуэщIэркъым - зы Iуэхугъуэм тыбогъащIэри, адрейр хэмыту абы и купщIэр зыхэпщIэркъым. АтIэ, лъэпкъым и блэкIам къыщыхъуахэм ящыщу сыту куэдым къытригъэзэжрэ, зэ натIэкIэ зыжьэхэуам етIуанэу щыIущIэжкIэ, игъэуфIыцIу, кърита фэбжьым и бжьыбжьыр нэхъри къызэщIигъаплъэу. Лу и гъащIэр аращ къызэрекIуэкIари: щыуагъэ щыIэщIэкIи къэхъуащ, лъэпэрапэу къыщытэджыжаи къыхэкIащ, джалэу къызэфIэувэжа нэужь, зиутхыпщIу адэкIэ щыкIуэри зэкъым икIи тIэукъым. Ауэ кIуащ, къызэплъэкIмэ, и щапхъэр къабыл зыщIхэр гъусэ ищIу, къещIыIэкIыр щыIэныгъэм и удын бзаджэр зылъэIэса лъэпкъым хуищI гумащIагъымкIэ игъэхуабэу, къегуэпэкIыр зэщIиIэтэу.

Адыгэ литературэм, псом хуэмыдэу кIахэ тхыгъэхэм, Трахъуэ Лу и цIэр къыщаIэт къыхэкIащ, ауэ а щытепсэлъыхь мащIэми лъэпкъ тхыдэм и зы бжьыгъэ фIыцIэм хуэдэут и гугъу зэращIыр. Изрэ никъуэрэ зэрыщIэркъым, жаIэ. Трахъуэм и гъащIэ тхыдэм къыщыщIар арат: темыпсэлъыхьу блэкIыфынутэкъым, блэкIам щIыпIэшхуэ щиубыдырти, тепсэлъыхьми, иIа лъэкIыныгъэр хуагъэгъуртэкъым, бгъэдэлъа мылъкум зи нэр къыщхьэрипхъуахэм абы псапэу илэжьамрэ IуэхуфIу къызэринэкIамрэ ирагъэлъагъуртэкъым. XX лIэщIыгъуэм и кIэхэращ нэфI-ней хэмылъу тхыдэм уриплъэну, пэжыр зэрыщыт дыдэм хуэдэу утыкум къипхьэну Iэмал щыIэ щыхъуар. Мис а Iэмалыр екIуу къигъэсэбэпыфащ зи къалэмыр жану зыгъэлъащэ МэшбащIэ Исхьэкъ.

РоманыщIэм Iэмал къыдет жылагъуэ лэжьакIуэ лъэщу, псапэ щIэнкIэ къэмылэнджэжу щыта Трахъуэ Лу и Iуэху еплъыкIэхэм мыхьэнэуэ яIар зыхуэдизыр къыдгурыIуэну, абы къызэринэкIа гъащIэр ди нобэм къызэрылъэIэсыр зэхэдгъэкIыну. И къуэшхэм - ХьэщIэщауэрэ Кърымджэрийрэ - къащхьэщыкIыу, Лу нэхъ хэлъэт иIэт, жьы щIэтт, илъагъур акъылкIэ псынщIэу зэригъэзэхуэфырт. Зэрысабийрэ лэжьыгъэм и гур хуэщIауэ, набдзэгубдзаплъэу, адэ-анэм ядэIэпыкъуныр фIэфIу къекIуэкIащ. Романым и кIуэцIкIэ мызэ-мытIэу дыщрохьэлIэ а псом щыхьэт ятехъуэ щапхъэ дахэхэм. ГъэщIэгъуэнщ, псалъэм папщIэ, Iэщым мэкъур IэплIэкIэ хуэзыхь къуэш нэхъыжьым кIэригъэщэщыр къищыпыжу и ужьым иту Iуэм нэс Лу зэрыкIуэм укIэлъыплъыныр. Ар нэхъыжьхэм ягъэщIагъуэ, зыгуэр къызэрыхэкIынум и нэщэнэуи къалъытэ. Хьэмэрэ хьэлэмэткъэ НэхълIыхъу и къуэхэм хьэблэ лIыжьым я къызэхуэсыгъуэм ирихьэлIэу хьэщIэщыр ягъэплъыну унафэ щахуищIкIэ: «МафIэ жьэражьэр кърихыу хьэкур зэщIэдмыгъэнэну дадэ къыджиIэу щытат - нэхъыжьхэм я Iу бахъэм хьэщIэщ кIуэцIыр хуабэ ищIынущ», - жиIэу Лу и адэм зэрызыхуигъазэр?! Чыш къезыхуэкI щIалэ цIыкIум апхуэдэ псэлъэкIэ зэрызэригъэкIуэфыр гъэщIэгъуэн къызыщыхъуа НэхълIыхъу щIалэм йоущие: ухъупхъэщ, жи, дадэ и псалъэхэр зэрыпщымыгъупщам щхьэкIэ, ауэ абы къикIыр къыбгурыIуэну сыхуейщ - дадэ апхуэдэу щIыжиIар игъэсыну пхъэм щысхьу аратэкъым, атIэ ар зэгъэзэхуэн хуейуэ къызэрилъытэрат. Зэадэзэкъуэм я псэлъэкIэм къигъэгумэщIа Хъалид, Лу и адэшхуэ Бэгъуэт и ныбжьэгъуфIу щытам, абдеж щыжеIэ: «ЦIыху къыхэкIынущ, жыжьи кIуэнущ, Алыхьым насып къыдитамэ, лъэпкъ псоми гъуазэ яхуэхъунущ». Хъалид жьэ махуэ жьэдэпсэлъыкIами ярейт - жиIам хуэзат щIалэм и гъащIэр.

МэшбащIэм етх: «Адэшхуэм зыкъомкIэ ещхь хъужат Лу: къызэрыгуэкI щIалэ цIыкIут, ауэ куэдым мыхьэнэшхуэ ямыIэу къащыхъуну Iуэхугъуэм зритарэ ар къехъулIэмэ, дуней гуфIэгъуэр зэрихьэрт, дамэ къытригъакIэрт. Абы зы щхьэпэ гуэр къыхихыну иужь итт; ар къигъуэтакъэ - пкIатэлъатэу, дунейр хуримыкъуу къыжихьырт. Зи гуащIэдэкIкIэ псэум нэхърэ нэхъ лъагэу лъэтэф щыIэкъым, жаIащ адыгэхэм».

Мы щапхъэхэм къагъэлъагъуэ Лу цIыкIу щIыкIэ балигъ акъыл къызэрыкъуэкIар... Абы теухуауэ къыхэбгъэщ хъунущ Лу и къуэш ХьэщIэщауэ зы пщыхьэщхьэ гуэрым зэрепсэлъылIар: «ХьэщIэщауэ, мэлищрэ щынитIрэ дгъэхъуу куэдрэ Iуэхуншэу дгъэкIуэну? Уэ дяпэкIэ илъэс 17, сэ илъэс 20 дыхъунущ... Псоми зэгъусэу губгъуэ хьэсэр дощIэри, ар къыдэхъулIэнуми дымыщIэу далэр догъакIуэ - гъей хъууэ кIуэдыжыну, уэшхым итхьэлэу хэкIуэдэжыну?! КъетхьэлIэ гъавэр бжьыхьэку нэс тхурикъу къудейуэ аращ. Дызыкъуэсыр ди анэмрэ анэшхуэмрэ зэрахуэ джэдкъазырщ. Мэлым и цыр дощ, ар дощэ, къыщIэкIамкIэ зыдохуапэ, ауэ цыщри илъэсым зэщ дызэриIэр... Зыгуэр щIэн хуейщ, ХьэщIэщауэ..», - жеIэ Лу. Мы псалъэхэр лIыпIэ иувэ щIалэм и гъащIэ зэблэкIыгъуэу къэлъытапхъэми, лъэпкъым и гъащIэми зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр къызэрыщыхъунум и нэщэнэу къыхэгъэща мэхъу.

Абдеж щрегъажьэри, Псыжь адрыщIкIэ щыпсэу къэзакъхэр пхъэгъэсын дапщэщи зэрыхуэныкъуэр къызыгурыIуа щIалэщIэм мэзыр кIуапIэ ещI. Ауэ Псыжь къиуху абы фейдэ къыхэхыпIэ щыIэми, къиуа нэужь ищIэнум егупсыс Лу губгъуэ тхьэкIумэкIыхьым ещэкIуэну, и лымрэ и фэмрэ зэригъэкIуэкIыну треубыдэ. Мис аращ Трахъуэ Лу и мылъкум къежьапIэ хуэхъуари. Пэжщ, Iэджэрэ IэщIагъэхуну, зытет гъуэгум къытрашыну, гурыщхъуэ ирагъэщIурэ и гупсысэхэм къыпагъэкIыну хэтащ, ауэ щIалэр ерыщу къыщIэкIащ, зыми къыхуэгъэувыIакъым. Лу и гумызэгъагъыр зылъагъу Iыхьлыхэр дапщэщи дэIэпыкъуэгъуу иIащ. Сыт хуэдиз гугъуехь кърихьэжьа щыпэ Iуэхум къыхэмыкIами, здынэсынум нигъэсащ - ища тхьэкIумэкIыхьыфэм къыщIэкIа сомым адэм иджыри зы къыщыхилъхьэжым, Лу шырэ витIрэ къищэхуащ. Щалъхуа Шынджий къуажэм дэсхэм шыгъу, мастэ, Iуэданэ, сабын, гъущI Iунэ, иужьыIуэкIэ пхъащхьэ абыкIэ къахуишэу иригъэжьащ. Апхуэдэххэурэ щIалэм зэхуихьэса ахъшэмкIэ Бжьэдыгъукъалэ жыхуаIэм, иужькIэ Краснодар цIэр зратыжам, зейм хуэмыгъэлэжьэж чырбыш заводыр къыщищэхужри, чырбыш щигъажьэу, бетон щигъэжу щIидзащ. Сыт хуэдиз лIыгъэ къыкъуэкIын хуейт, илъэс 30 иримыкъу щIалэм апхуэдэ хэхъуэ ищIын щхьэкIэ, сыт хуэдизу лэжьыгъэм псэр етын хуейт, а псор зэрызэбгъэхъулIэн акъылыр зэбгъэзэхуэн щхьэкIэ, сыт хуэдиз шыIагъэ пхэлъын хуейр, ежьа жэрдэмыр щIэмыужьыхэжу ипэкIэ бгъэкIуэтэн щхьэкIэ?! Ахэр зи щэным хэлъ Трахъуэ Лу къыхиха гъуэгур бгъуфIэу къыщIэкIащ - Урысей пащтыхьыгъуэм и утыкуми гушхуэу ихьэфащ.

Къэрал IуэхущIапIэхэр пхъащхьэ хуэныкъуэт. Ар зыгъэхьэзыр заводи къызэIуихащ Трахъуэм. Бжьэдыгъукъалэрэ ПцIэмэзрэ зэпызыщIэ гъущI гъуэгур тезылъхьэр нэгъуэщI адыгэ хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ Щэрдан Батырбэчт. Аращ Бжьэдыгъукъалэ дэт гъущI гъуэгу станцым и япэ унафэщIу щытар, а IэнатIэм зиужьынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыхар. Лу пхъащхьэр хуригъашэурэ лъэныкъуитIми хэхъуэ къахуэзыхь зэпыщIэныгъэфI яIащ. Ауэ абыхэм я зэхуаку дэлъа зэхущытыкIэр абыкIэ зэфIэкIыртэкъым, ахэр гурэ псэкIэ зэрыщIэ, цIыхухъуитI зэрызэныбжьэгъуфынум хуэдэу пэжу зэбгъэдэт икIи зэакъылэгъу адыгэ лIитIт. Сыту щхьэпэ куэд къыхуихьа а тIум я зэныбжьэгъугъэм адыгэ лъэпкъым...

Зи гуащIэдэкIым лIыпIэ иригъэува Лу кIуэтэху адыгэхэм яхуищIэфынум, абыхэм я щIэжым лъэужь узыншэ къызэрыхинэнум егупсыс мэхъу. ЕтIуанэ чырбыш заводыр къищэхуа нэужь, Лу Псыжь и лъэныкъуитIым щыпсэухэр зэпызыщIэ брам еухуэ. А щIыкIэм тету адыгэ къуажэхэр Псыжь адрыщIкIэ щыIэхэм япещIэ, сату Iуэхухэм зэрызаужьын Iэмал щIагъуэ къыхелъхьэ. ИужькIэ хьэпшып хьэлъэхэр Псыжь иризэпрашыну псырыкIуэхэр ещI. А гъуэгур къызэгъэсэбэпхэми пщIэ щIатыркъым... Иджырей Адыгэ Хэкумрэ Краснодар щIыналъэмрэ я экономикэ зэпыщIэныгъэхэм я лъабжьэр зыгъэтIылъар Трахъуэ Лущ жыпIэми, пэжым пэжыжьэ ухъунукъым.

ХьэрычэтыщIэм и теплъэр щызэфIигъэувэкIэ, МэшбащIэм гулъытэ хэха хуещI абы хэлъа цIыхугъэм, къэзыухъуреихьхэм яхуиIэ гумащIагъым, яхуигъэфащэ гулъытэм. Куэдым урегъэгупсыс щыщIалэм и гъуэгур зэпызыупщIыну хэтахэм зэрахуигъэгъум, щытыкIэ гугъу ихуауэ зыкъыщыхуагъазэкIэ, щIэгъэкъуэн зэрахуэхъум. «Узыщыщыр гъэныбжьэгъуи, гъунэгъур лъытэ», - жи Лу. Апхуэдэу, зыхузэфIэмыкIхэми, гъащIэм вакъэ зэв иригъэувахэми псапэхуэщIэу Трахъуэр зэрадэIэпыкъум и щапхъэхэр гум къимыщтэнкIэ Iэмал зимыIэ адыгэбзэ дахэкIэ къэIуэтэжа хъуащ.

Тыкуэнхэмрэ хьэщIэщхэмрэ зыр адрейм и ужьым иту къызэIузых Лущ япэ дыдэу къуажэм машинэ къыдэзыхуауэ щытари. Шынджий жылэм и уэрамхэм шэрхъиплIым яхь гъущIышыр кърижэу щалъагъум, куэд игъэщтат. Ауэ сытри зыфIэгъэщIэгъуэн къуажэ щIалэ цIыкIухэр машинэм щыкIэлъыщIэпхъуэм, Лу ар къигъэувыIэри, махуэ псокIэ Iэгъуэблагъэм къыщришэкIащ, иужькIэ сом плъыжь зырыз яритри, и тыкуэнхэм языхэзым щIишэри, зыхуейр къахригъэхыу дэтхэнэми егуэпэкIащ. Iуэху къызэрыкIуэщ, жыпIэнщ. Ауэ а сабийхэм яхэтащ адыгэ даматургием и лъабжьэр зыгъэтIылъа, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ хъуа Цей Ибрэхьим.

Трахъуэ Лущ зи фIыгъэр адыгэ къуажэхэм еджапIэхэр къызэрызэIуахар, адыгэбзэр абдеж щаджу зэрырагъэжьар. Апхуэдэ дыдэу Лу и жэрдэмкIэ къэрал IуэхущIапIэхэм къыщаIэтауэ щытащ Къэрал Думэм адыгэхэм ящыщ щыIэн зэрыхуейри. ЦIыхум гущIэгъу хуэщIыныр зи гупсысэм хэмыкIыу хэт Трахъуэм и гукъэкIщ факъырэхэм папщIэ екIуэлIапIэхэр, жьэн уз зиIэхэм щхьэкIэ еIэзапIэхэр, сабий зеиншэхэр щаIыгъын унэхэр къызэрызэIуахар. Романым гъэщIэгъуэну къыщыгъэлъэгъуащ Лу и щхьэгъусэ Сарет. Абы егъэщIагъуэ псэху имыIэу зи Iуэху хуэмыщIахэм ядэIэпыкъу щхьэгъусэр: «Илъэс Iэджэ хъуауэ дызэдопсэури, Лу нэгъуэщIым и гуныкъуэгъуэр щыщыгъупща, абы щхьэкIэ щымыгузэва, зыгуэрым и жагъуэ щищIа махуэ къэхъуауэ къысхуэщIэжыркъым. ХуэщIауэ псэури, хуэмыщIауэ щыIэри и зэхуэдэщ абы - псоми яхузэIухащ, псоми щIэгъэкъуэн яхуэхъуну хьэзырщ», - жреIэ абы и цIыхугъэ цIыхубзым.

Ауэ цIыху цIыкIум Трахъуэ Лу ягу къызэринэжар диным гу къабзэкIэ зэрыбгъэдэтарщ. Абы и мылъкукIэ Шынджий, Хьэтыгъужьыкъуей, Куэшхьэблэ, Мейкъуапэ, Бжьэдыгъукъалэ, нэгъуэщI щыпIэхэм 1910 гъэм ирихьэлIэу мывэ хужьым къыхэщIыкIа мэжджыт 11 дащIыхьат. Хьэж кIуэуэ къэкIуэжа нэужь, диным къигъэув къалэнхэм языхэзыр зыгъэзэщIэну гуращэ зыщIхэм ядэIэпыкъуу хуежьащ, къызэригъэпэща хьэщIэщхэм языхэзыр Псыжь щIыналъэм щыпсэу муслъымэнхэм я кIуапIэ хъуащ. «ЗиIэр ирегуашэ, нэхъыбэ къыхэхъуэжынущ», - жиIэрей хъуат Лу.

МэшбащIэм IуэрыIуатэм къыхиха Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ Лу ди нэгу къызэрыщIигъэувэм и гугъу умыщIынкIэ Iэмал иIэкъым. Уегупсыс зэрыхъунумкIэ, а Iэмалыр адыгэ гупсысэ зиIэм нэхъ пэблагъэщ цIыхур зыхуэдэр къэбгъэлъэгъуэн папщIэ. ИкIи апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр тхакIуэм фIы дыдэу къехъулIащ. Апхуэдэщ Лу тхакIуэм зыхишэ хьэдэщIэлъхьэ хуэIухуэщIэхэр, дунейм ехыжам хуащI хьэдэIус Iэнэхэр, сымаджэм иращIэкI щIопщакIуэр, нэгъуэщIхэри.

Къыхэгъэщын хуейщ романым и бзэр къызэрымыкIуэу зэрыщIэщыгъуэри. Адыгэбзэм хэту, ауэ цIыхухэм яIэщIэхужауэ псалъэ куэд дыдэ къыщыгъэщIэрэщIэжащ тхылъым. Абыхэм псэ къаIузыгъэкIэж текстым псалъэ зэгъэпэщыкIэ Iэмалу куэд дыдэ хэтщ (зэгъэпщэныгъэхэр, псалъэжьхэр, гъэсэпэтхыдэ кIэщIхэр, нэгъуэщIхэри). Абыхэм романыр щIэщыгъуэ ящI къудейкъым, атIэ тхыгъэм курых хуэхъу лIыхъужьыр щIэджыкIакIуэм гъунэгъу къахуещI, нэхъыфIу къарегъэцIыху. «ФIы щIэи, зыщыгъэгъупщэ, игъуэ хъумэ, езым укъигъуэтыжынщ», «Сыт хуэдизу умыгъэпщкIуми, пэжыр пхущIэуфэнукъым», «Зым и щыщIэныгъэхэр нэгъуэщIым деж къыщызылъыхъуэм уи щIыб хуумыгъазэ, ауэ хуэсакъ», «Гугъэр хьэжьщ, бгъашхэмэ, укъихъумэнущ» - мы псэлъафэхэр къызыжьэдэкI Лу зыхуэдэр тхылъеджэм нэхъ гурыIуэгъуэ хуещI.

Гущэ зыхуащIауэ мащэ зыхуамытIын щыIэкъым, жаIэ. Сыт хуэдиз гъэпцIапIэ, щхьэрыуапIэ Трахъуэм и гъащIэ гъуэгум щыIумыщIами, фIыр абы и тепщэу къызэригъэнэн Iэмалщ къилъыхъуар. Аращ гупсысэ бгъуфIэу романым и кIыхьагъкIэ къыхэщри. И псэр хэкIыным куэд имыIэжу, дамэгъу дэгызэу иIа Сарет уэсят хуещIыж: «Фигу фымыгъэкIуэд, Алыхьыр щыIэщ... Сэ абы сызрешэлIэжри, сыщалъхуа къуажэм сыщыщIегъэлъхьэж. Быным яхуэгъэбыдэ тхьэмыщкIэр зыщамыгъэгъупщэну...»

Трахъуэ Лу и цIэр къыдахыж хъуащ иужьрей илъэсхэм. Щалъхуа къуажэм и уэрам нэхъыщхьэми, дэт курыт еджапIэми абы и цIэр фIащащ. Бжьэдыгъукъалэ дищIыхьыгъа и унэми и цIэмрэ и сурэтымрэ зытет скъарыр блыным кIэраIулIащ. Сыт хуэдизу ягъэулъиину хэтами, лIыфIым и лъэужь дахэр, и фэеплъ къабзэр ищIыIу хъужащ. А Iуэхум гуащIафIэу телэжьащ МэшбащIэм и IэдакъэщIэкIри. Зы цIыху и гъащIэ гъуэгу къигъэлъэгъуэжами, абы лъэпкъ псом къызэринэкIа тхыдэм Iущыгъэрэ губзыгъагъэу ихъумар зэрызэхилъхьар, цIыхубэм зэрыхузэфIэкIкIэ абы и щхьэпэ зэрыригъэкIар екIуу къиIуэтэжащ. Нэсри къэсыжауэ лIыфIу дунейм тета Трахъуэ Лу романыр и фэеплъу къэплъытэ хъунущ. ЖыпIэ хъунущ Лу ищIа фIым къигъуэтыжауэ.

ЦIыхубэ насыпым езым и IэмалхэмкIэ щIэбэна Трахъуэ Лу хуэфащэщ адыгэ цIыхум и гъащIэм увыпIэ екIу щигъуэтыжыну. И IуэхущIафэхэм ящыщ куэдым иджыри дыщыгъуазэкъым, псапэм зыкъыхигъэщ хабзэкъым-тIэ, дяпэкIэ къыкъуэкIыжынури мащIэу къыщIэкIынкъым. ЗэкIэ ди пащхьэ кърал ъхьа хъугъуэфIыгъуэр щIэблэм я деж нэгъэсауэ гъащIэ гъуэмылэ яхуэщIын зэрыхуейм шэч хэлъкъым.

«Лу» романыр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи дунейм къытехьащ. Апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэкIэ лъэпкъым егуэпа МэшбащIэ Исхьэкъ узыншэу ди япэ итыну, тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ дигъэгуфIэу къытхэтыну дыхуолъаIуэ.




**ТАБЫЩ Мурат.**

# ЩIалэгъуалэр ирагъэжьэж




**Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхуащIыжащ хамэ къэралхэм къикIа ди лъэпкъэгъухэмрэ ди щIыналъэм щыщхэмрэ я лагерыр. Ар къызэрагъэпэщат КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ.**

«СИНДИКА» хьэщIэщым щызэхуащIыжащ хамэ къэралхэмрэ Урысейм и щIыналъэхэмрэ щыщ ди лъэпкъэгъу сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я лагерыр.

Хабзэ хъуауэ, Налшык мы Iуэхур гъэ къэс къыщызэрагъэпэщ. Хамэ хэкухэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхудиIэ зэпыщIэныгъэм зрагъэужьын, нэхъри ягъэбыдэн, адыгэ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ щIэблэр хагъэгъуэзэн папщIэ. Iуэху дахэр ирагъэжьащ илъэс пщыкIутIкIэ узэIэбэкIыжмэ. Абы къокIуалIэ Тыркум, Сирием, Иорданием, Абхъазым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыщ ди лъэпкъэгъухэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыIа пIалъэм къриубыдэу хьэщIэхэр хуагъэзащ ди щIыналъэм, жылагъуэ, щIэныгъэ, творческэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэм, декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ мастер-классхэм я зэфIэкI щеплъыжащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ теухуа дерсхэм едэIуащ, музейхэмрэ щIыпIэ дахэхэмрэ зыщрагъэплъыхьащ.

- Ди лагерыр и кIэм нэблэгъащ. Хэкужьым щывгъэкIуа махуэхэм къриубыдэу лIэщIыгъуэкIэрэ щыIэ зэпыщIэныгъэр зыхэфщIауэ, щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэр зыхуэдэмрэ абыхэм я псэукIэмрэ зыщывгъэгъуэзауэ сыщогугъ. Нэхъыщхьэращи, Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэр зэгурыIуэу, мамыру зэрызэдэпсэур флъэгъуащ. Иджыри къытевгъэзэжу ди республикэм фыщыхьэщIэну ди гуапэщ! - жиIащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Гергоков Джамбулэт.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий фIэхъус гуапэ ярихащ хьэщIэхэм. Абы фIыщIэ яхуищIащ КъБР-м и IэтащIхьэмрэ Правительствэмрэ, Iуэхур къызэзыгъэпэща министерствэм.

- Зы лъэныкъуэкIэ ди гуапэщ зэманыр гукъинэжу икIи щхьэпэу зэрыдгъэкIуар, ауэ дыщежьэжыну пIалъэр къызэрыблэгъар ди жагъуэщ. Я адэанэм я фIыгъэкIэ щIэблэр щIапIыкI зыщыщ лъэпкъым и тхыдэм, - жиIащ Тыркум къикIа гупым я унафэщI Гъуэгунокъуэ Лизэ. - Апхуэдиз гулъытэ зыгъуэта, адыгэ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ зыщIэзыша щIалэгъуалэр иджы нэгъуэщI хъуауэ гъуэгу дытехьэжынущ. Хэкужьым къагъэзэжу щылэжьэну, щIэныгъэ щызрагъэгъуэтыну иджы щIохъуэпс ахэр. Лагерыр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхудощI! Абы хэта псори зэдэлъхузэшыпхъу зэхуэхъуащи, дяпэкIэ зэхуэзэшынущ.

Адыгэ хабзэр хъумэнымрэ къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ бзылъхугъэхэм я «Лашын» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и президент Къущхьэ Аксанэ дэтхэнэ хьэщIэми хуэупсащ «Адыгэ шхыныгъуэхэм я хъугъуэфIыгъуэ» серием хыхьэу къыдигъэкIа «Си анэм и пщэфIэкIэр» и тхылъымкIэ.

- Илъэсым щIигъукIэ тхылъыр дгъэхьэзыращ. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яIэрыдгъэхьэн папщIэ ар инджылызыбзэрэ тыркубзэкIэ зэддзэкIащ. Нью-Джерсирэ Тыркумрэ едгъэшащ тхылъхэр. ЩIалэгъуалэ лагерым и хъыбар щызэхэсхым, дэтхэнэ ди хьэщIэми си тхылъыр тыгъэ хуэсщIыну гупыж сщIащ, - жиIащ Къущхьэ Аксанэ.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ лагерым щыIа гупхэм ящыщхэр. Абыхэм жаIащ зыхэта Iуэхур къазэрыщыхьуар, икIи бысымхэм фIыщIэ хуащIащ. Лагерым щыIа дэтхэнэми иратащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъыр.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым, КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэхэу Хьэкъул Оксанэ, Жубоев Жамбулэт, Дэгу Каринэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист ДыщэкI Артур сымэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Уэшхым хьэрычэт ирыращIэрт

Уэшхеджэ

XIX лIэщIыгъуэм икIэхэм, XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Штат Зэгуэтхэм уэшхым хьэрычэт иращIэнур къэунэхуауэ щытащ. Уэшхыр ящэхурт фермерхэм, мэкъумэш зыщIэхэм. ЩэхуакIуэхэр щыIэху, зыщэну иужь итхэри нэхъыбэ хъурт. КъипIуэ хъунущ цIэ зыбжанэ. Джуэл Клейтон хьэуа зригъэубыда шар абрагъуэкIэ уафэм динамит дрихьейрти, абдеж къыщигъауэрт. Австралием щыщ Мельбурн Фрэнк барометркIэ жьым и къепщэкIэм кIэлъыплъырти, уэшхыр къигъэIэсэу жиIэрт. Ауэ абыхэм уэшх уасэ хах пэтми, ар къешхынымкIэ шэсыпIэ ихьэртэкъым, атIэ къешхмэ, езыхэм я фIыгъэу, къемышхмэ, уафэм зыгуэрхэм щызэблэуауэ жаIэрт. Ауэ, шэсыпIи ихьэу, уэшхри къриджэфу, ищэфу зы къэунэхуащ...

### Хэтфилд Чарльз

Канзасс инджылыз унагъуэм 1875 гъэм къыщалъхуащ. БалигъыпIэ иувэри, ахъшэ къилэжьу щIидзащ, зэрыдэ машинэхэр ищэурэ. ЩIалэм хъуэпсапIэ иIэт - уэшх къригъэшхыфу зригъэсэну хуейт. И хъуэпсапIэми телажьэрт: метеорологием и щэхухэр иджырт, физикэмрэ химиемрэ уэшхым теухуауэ хэтыр къанэ щымыIэу зригъащIэрт. 1902 гъэм илъэс куэдкIэ зэлэжьа зы щIэныгъэ къэхутэныгъэ къехъулIащ. Сытыт абы уэшх къригъэшхынымкIэ иIэ щэху нэхъыщхьэр? Химиемрэ физикэмрэ я хабзэм тету ткIуаткIуэ лIэужыгъуэ гуэр зэхилъхьэрт, езыр абы «псыIагъэ къэзышэкIэ» еджэрт. Япэу и ткIуаткIуэмкIэ иригъэкIуэкIа уэшхеджэр къехъулIауэ щытащ - баз зыпихьахэм къафIихьат.

Илъэс зыбжанэ дэкIри, Хэтфилд Чарльз хьэрычэт Iуэхум ифIэщу хыхьэну мурад ещI. И къуэш нэхъыщIэ Поло зыдигъэIэпыкъури, уэгъум ихьыж Калифорнием къыщыдэкI газетхэм хъыбарегъащIэхэр къытригъэдзащ. Хэтфилд зэшхэм я Iуэхутхьэбзэм папщIэ ягъэува уасэр мащIэ дыдэт - доллар 50. ИрагъэкIуэкIынур къаймыхъулIэмэ, ахъшэри къащтэнутэкъым. Уэгъум зи Iуэхур хэплъэгъуэ ищIа фермер зыбжанэм уэшхеджэм и Iуэхутхьэбзэр къагъэсэбэпыну мурад ящIащ.

Хэтфилд зэшхэм абыхэм къагъэлъэгъуа щIыпIэр къызэхаплъыхьри, метрих зи лъагагъ пхъэ чэщанэри дращIеящI, и щхьэм дзырхьым къыхэщIыкIа ткIуаткIуэ икIапIэ иIэу. Чарльз псыIагъэ къэзышэ ткIуаткIуэр абы ирикIэри, мафIэ щIидзэжащ. Iэгъуэблагъэр зэщIищтащ мэ гурымыхьым. МахуитI нэхъ дэмыкIыу, уэгъум зэгуича щIы щхьэфэм уэшхыр къытещэщащ. ГуфIэгъуэм зэщIищта мэкъумэшыщIэхэм Чарльз доллар 50-м и пIэкIэ доллари 100 иратауэ щытащ. Езы Хэтфилд Чарльз и дежкIэ абы щыгъуэ нэхъыщхьэр ахъшэратэкъым, атIэ зэригъэпэщар зэрыIунумрэт.

Уэшхеджэм и Iуэхутхьэбзэм цIыхухэр зэпымыууэ щIэлъэIу хъуащ. Езыми Iуэхуу иригъэкIуэкIыр къехъулIэрт, апщIондэхукIэ и мылъкури багъуэрт.

### «Хэтфилд и псыдзэ»

Къэхъуащ уэшхеджэм щIэщхъу къыщыщыщIаи. 1906 гъэм Канадэм и правительствэм ирищIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэр лъэлъэжат: Юкон и щхьэщыгум пшэ фIыцIэхэр къытрихьакъым, абы и



ткIуаткIуэр уафэм щигъэсами. Абыи удэкIуэтэнт...

1915 гъэм Сан-Диего (Калифорние) и властыр абы къелъэIуащ псы хъумапIэр из яхуищIыну. Езыхэм абы пэкIуэу доллар 10000 къыхуагъэлъэгъуат.

Морен гуэлым и Iуфэм и чэщанэм хуэдэ щигъэуващ, мэ Iей къызыхих ткIуаткIуэри игъэсащ. Уэшхми куэдрэ зыпигъэплъакъым. Ауэ... 1916 гъэм щIышылэм и 5-м уэшхыр ину къыщIидзащ. ТхьэмахуитIкIэ зэпыуакъым. УвыIэжри, махуитI дихауэ, аргуэру къызэщIищIэжащ. Из яшIыну зыхуея псы хъумапIэм зигъэнщIа къудейкъым, дауи. Сан-Диегэ псыри къиуащ, лъэмыжхэр, псыIущIэр икъутэу. Псыдзэр телъэдащ гъущI гъуэгу зэхэкIыпIэхэм, унэхэр, псэуалъэхэр зэхикъутащ. Псыдзэм цIыхуи хэкIуэдат. Журналистхэм къэхъуам фIащащ «Хэтфилд и псыдзэ». Абы къихьа зэраныгъэр ягъэзэкIуэжыным Штат Зэгуэтхэм трагъэкIуэдащ доллар мелуанищым щIигъу.

Сан-Диегэ и унафэщIхэм уэшхеджэм къыжраIащ къэхъуар езым и мылъкукIэ игъэзэкIуэжмэ, и Iуэхутхьэбзэм и уасэр къызэрыратынур. 1938 гъэ пщIондэ къратын хуея мылъкум судым щыщIэдэуами, къыIэрыхьэIакъым.

Псыдзэ нэужьым Хэтфилд уэшхым ирищIэкI хьэрычэт Iуэхур ауи къызэтеувыIакъым. Зэ щхьэкIэ... 1921 гъэм доллар 25000 и уасэ Iуэхутхьэбзэ игъэзэщIащ. 1928 гъэм «къигъэпсэужащ» Калифорнием и зы гуэл игъуэжар. ИужькIэ, Гондурасым и правительствэр къелъэIури, мафIэсысыхуэ игъэункIыфIащ.

1929 гъэм и ужькIэ Хэтфилд уэшх Iуэхутхьэбзэ ищIэжакъым. Жьы хъуауэ, ар пэрыувэжащ зэрыдэ машинэ щэным. 1985 гъэм и щIымахуэм дунейм ехыжащ, «псыIагъэ къэзышэ ткIуаткIуэм» и щэхури здихьри.

Уэшхеджэм и Iуэхум теухуауэ мыгурыIуэгъуэ куэд щыIэщ. Хьэкъыр зыщ: Хэтфилд и цIэр зыфIащауэ щыта псыдзэм абы и зэрани и фIыгъи хэлъакъым. 1916 гъэм и щIышылэр циклон лъэщу плIы щызэблэкIа лъэхъэнэт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абыхэм я Iэужь хъуа псыдзэри езыгъэжьэфыни къэзыгъэувыIэфыни щыIэтэкъым. Ауэ щыхъукIи, илъэс 20-м щIигъукIэ уэшх Iуэхутхьэбзэхэр зыщIа Хэтфилд и ткIуаткIуэми мыхьэнэ имыIауэ жыпIэнур къезэгъыркъым.

Зыми гу зылъимыта дуней къэхъукъащIэ гуэрхэм гу лъитауэ къыщIэкIынут, метеорологием и пIалъэми кууэ хищIыкIырт. ХуэбгъэфащIэ зэрыхъунумкIэ, абы пасэу къихутауэ къыщIэкIынут иджыпсту щIэныгъэр зыщыгъуазэ «пшэ гъэпшэрыныр». Ар ягъэпшэр мыл гъущэрэ лъхъумб (йод) зыхэлъ дыжьынкIэ.

### Кинои уэрэди

Гъуазджэм и цIыхухэм Хэтфилд Чарльз и IуэхущIафэри и цIэри яфIэгъэщIэгъуэнт. Уэшх зыщэм и образыр къыщыхьащ Нэш Ричард и пьесэм. А пьесэм къытращIыкIащ «110 в тени» мюзиклрэ 1956 гъэм ягъэлъэгъуа «Уэшх зыщэ» («Продавец дождя») фильмрэ. Хэтфилд Чарльз къыхощыж Паркер Джефферсон «Борэным къыщызыжыхьэр» и романым (2007). Абы теухуа теплъэгъуэ къыщыхьащ 2016 гъэм къыдэкIа «ТхьэкIумэкIыхь хужь» серие куэд хъу фильмым. 1916 гъэм къэхъуауэ щыта псыдзэм траухуащ «Хэтфилд» уэрэдыр. ТхакIуэ цIэрыIуэ Кинг Стивен псыдзэм теухуа теплъэгъуэмрэ уэшхыр къезыджэм и улахуэм теухуа зэныкъуэкъумрэ хиухуэнащ 1979 гъэм итха «ЩIыпIэ псэншэ» триллерым хэт лIыхъужьым - Стилсон Грег - и образым.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**




● Адыгэ жылэхэр

# Дей къуажэ (Мэртазей)

**Дей къуажэр зэрыс щІыпІэм къэтІысын ипэ лъэгу псор дей мэзу, пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэри, псэуалъэ къызыхэпщІыкІ хъунухэри иту, и лъэгур мывэкІэщхърэ псы къабзэ цІыкІу мэзым пхрыжу щытащ. Псы цІыкІур псынэпс къабзэу зэхэлъэдэжауэ арат.**

А ПСОРИ къалъытэри, жэмыхьэтхэр псы цІыкІум и Іуфэм ІутІысхьат. Геодезист Чичагов Степан Къэбэрдей Инымрэ Къэбэрдей ЦІыкІумрэ ятеухуауэ зэхилъхьа географие картэм цІыху щыпсэу щІыпІэу къыщигъэлъагъуэм укъыщоджэ Мэртазей къуажэр жэмыхьэт зыбжанэу зэхэсу. А лэжьыгъэр Чичаговым щигъэзэщІар 1744 гъэрщ (Кабардино-русские отношения в XVI - XVIII веках, стр. 173-175, т.2, г. Нальчик, «Эль-фа», 2007). А картэм къыщыгъэлъэгъуащ Мэртазейр.

НэгъуэщІ илъэсхэри щыІэщ Мэртазей къуажэм и къежьапІэу. Интернетым итщ 1740 гъэр; Ащыж Л. М. ІуэрыІуатэу къуажэм дэлъхэр и тегъэщІапІэу, къегъэлъагъуэ 1746 гъэр (Ащыж Л. М. «Мэртазей къуажэм и тхыдэм щыщхэр»; Налшык, «Эль-ФА», 2004, с.7).

А къэдгъэлъэгъуа илъэсхэм архивыр лъабжьэ зыхуэхъур 1744 гъэращ. Ауэ къуажэм, дауи, нэхъапэ гъэхэр и къежьапІэу жыпІэ хъунущ, пэж дыдэр дымыщІэми.

Чичаговым зэритхымкІэ, Дей къуажэр жэмыхьэтиплІу зэхэту къогъуэгурыкІуэ, ауэ ахэр зы мазэм е зы илъэсым зэхэтІысхьакъым.

А зэманым лІакъуэлІэшхэм я псэупІэр щызрахъуэкІым, я акъылэгъу-ІупэфІэгъу лъэпкъхэри я гъусэу Іэпхъуэу щытащ.

Дей къуажьхэр иджы зэрыс щІыпІэм япэ дыдэу къитІысхьауэ щытар Жагъыщэхэщ, лъэпкъитху я гъусэу. Жагъыщэхэ яужькІэ Деипс Іуфэ къетІысылІащ Мэртазэхэ, лъэпкъиплІ я гъусэу. Ещанэу, Къунжьей жэмыхьэту, Деипс Іуфэм Мэртазэхэ пэмыжыжьэу къетІысылІауэ щытащ Къуныжьхэ, лъэпкъих я гъусэу.

Шыгуэней жэмыхьэтыр Деипс Іуфэм яужь дыдэу, еплІанэу къэтІысащ (Безрокъуэ, Шыгуанэ, псори зэхэту лъэпкъипщІ зэгъусэу). Абы иужькІэ жэмыхьэтиплІыр зэхэтІысхьэжри, Мэртазей къуажэ хъуащ.

1920 гъэм Къэбэрдейм Совет властыр щыува нэужь, Мэртазей къуажэр ДейскэкІэ зэрахъуэкІащ. Дей псы цІыкІум, дей мэз итам тращІыхьри.

## Къэб гъэва зыхэлъ тхъурыжь

АР дахэ, ІэфІ мэхъу, витамин А-кІэ къулейщ, шхыгъуафІэщ. ДжэдыкІэ цІынэм фошыгъу щабэ, содэ халъхьэ, фІыуэ яудэри абы къэб пІастэ, тхъуцІынэ гъэткІуа халъхьэ, зэІащІэ, гуэдз хьэжыгъэм и кум иракІэри быдэ хъуху япщ. Содэр куэдыІуэмэ, тхъурыжьыр къочэри абы хуэсакъыпхъэщ. Іэнэм хьэжыгъэ трагъэщащэри, тхьэвыр щамыгъэлъу хупхъэкІэ яху мм 1-1,5 -рэ и Іувагъыу, хуэплІимэ щІыкІэу. И бгъуагъыр см 3-4, и кІыхьагъыр см 120-рэ хъууэ зэпаупщІ, бэлагъым къращэкІри и кІапитІыр зэтрагъапщІэ, градуси 160-180-рэ хъууэ къэплъа тхъум е дагъэм халъхьэри бэлагъыр ягъазэурэ тхъуэплъ, гъуэжьыфэ хъуху ягъажьэ. Вазэм иралъхьэри Іэнэм трагъэувэ. ЩІыІэуи хуабэуи яшх.

● Шхыныгъуэхэр



*Халъхьэхэр:*

Гуэдз хьэжыгъэу - г 400, джэдыкІэу 3, фошыгъуу г 50, содэу - 1 г, къэб пІастэу - грамми 100, тхъуцІынэу г 30, шыгъуу, зэрагъэжьэн тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● ГъэщІэгъуэнщ

## Сыт абы хэлъыр?

- Мы истхъар нэхъ кІэщІ зыщІыфын къыфхэт, фемыІусэу, къыпывмыщІыхьыжу? - щІэупщІащ егъэджакІуэр доскам мелкІэ зы екъуа къыщритхъэри. Псори щымт. Зы еджакІуэ «сыт абы хэлъыр?» жыхуиІэу къыхэдыхьэшхыкІщ къэтэджри, доскам бгъэдыхьащ. ЕгъэджакІуэм иритхъа екъуам ищхьэкІэ нэхъ кІыхьу езыми екъуа ирищІыхьащ.

- Мис, уи екъуар нэхъ кІэщІ сщІащ, семыІусэу.

## Мыр гъащІэщ

ЛІы гуэрым шы закъуэ иІэти, дэкІри кІуэдащ.

- Дауэ ухъуну иджы уи шыр уимыІэжу, - къыхуэгузэващ гъунэгъухэр.

- Алыхьращ зыщІэр а къэхъуар Іейми фІыми, - жиІэщ, и Іэр иридзыхри, ежьэжащ лІыр.

Махуитl докІри, шым къегъэзэж зы гуартэ и гъусэу.

- Сыту уехъулІа, мылъкушхуэ уиІэщ иджы! - жаІащ гъунэгъухэм.

- Абы фІы кърикІуэнрэ къримыкІуэнрэ Алыхьырщ зыщІэр, - абы къыфІигъэкІакъым аргуэру лІым.

ЛІым и къуэр шыхэм язым тетІысхьэну иужь ихьэри, мо шы мыгъасэм къриутІыпщхьэхри, щІакъуэ ищІащ.

- Ауеуей, уи щІалэ закъуэр щІакъуэ хъуащ, - жаІащ гъунэгъухэм.

- Абы кърикІуэнур Алыхьырщ зыщІэр. Аращ гъащІэр, - жиІащ лІым.

Зэман кІэщІ дэкІри, зауэ къэхъеящ, щІалэщІэу къуажэ цІыкІум дэсыр дашащ, лІым и щІалэ щІакъуэр къагъанэри.

- Дэ ди къуэхэр тлъагъужыни дымылъагъужыни, уэ уи къуэр зыщІыпІи яшакъым - сыту уехъулІа! - жаІащ аргуэру гъунэгъухэм.

- Абы кърикІуэнури Алыхьым ещІэ! Мыр гъащІэщ! - жиІэрт лІым.

● Псалъэжьхэр

## Пхъурылъхурэ къанрэ зэхуэдэщ

**♦Зэгурыlуэр щынафэм щІегъанэри, зэгурымыІуэр выфэми щІигъанэркъым.**

**♦Зэдэшхэ ІэфІщи, зэдэфІ унэщ.**

**♦Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.**

**♦Къуэш зимыІэм башым ІэплІэ ирешэкІ.**

**♦ЛІакъуэр зыщыбэм быныр щыхейщ.**

**♦ЛІы гурымыкъыр фыз гъагъщи, лІым и гъыринэр гуемыІущ.**

**♦Махуаем бгъуэтыжыр ныбжьэгъущи, уи хьэмтетыгъуэм бгъуэтыр уи шхэгъущ.**

**♦Ныбжьэгъужьрэ дыжьыныжь пщэжарэ.**

**♦Ныбжьэгъуншэр зеиншэ пэлъытэщ.**

**♦Пхъурылъхурэ къанрэ зэхуэдэщ.**

**♦ПцІырыпыхьэ щІэинхьыж.**

**♦Пщащэ дахэ лІыгъапцІэщ.**

**♦Узэлъэlу къэгъани, къолъэІу къашэ.**

**♦ФІыуэ слъагъум хуэзмыщІэнур сремыІэ.**

**♦Узэрымылъагъуу ІэфІ щыІэкъым.**

**♦Уи анэрэ уи нитІрэ.**

**♦Уи благъэ и унащхьэ плъагъуу ублэмыкІ.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **1**. ПІастапхъэ. **5**. Бжыхь пхунумэ, ар уимыІэу хъунукъым. **6**. Уанэ зытемылъ шы. **8**. Егъэлеяуэ нэпсей. **9**. Лъахъстэн вакъэ. **11**. Анэкъилъху. **14**. Дагъуэ зимыІэ, къызыхуэтыншэ цІыху. **15**. Зи къудамэхэр теухъуэнщІыкІа жыг лъэдий гъум. **16**. Зиш е зив зэрадзылІэу зэрызэдэлажьэ. **22**. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ. **23**. ЩІыпІэ хуабэхэм кърашпхъэщхьэмыщхьэ. **24**. ЩІалэ зэкІуж, бжьыфІэ. **25**. Егъэлеяуэ пшэр, зэпэхъурей. **26**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дэзщ.

***Къехыу:*** **2**. ЦІыху щыгъупщэх. **3**. ... лъакъуэ щІэткъым. **4**. Блэ, шындырхъуо хуэдэхэм я хэщІапІэ. **5**. Нэхъапэм цІыхубзхэм яду щыта тутынылъэ. **7**. Адыгэш къабзэ. **10**. Мэш хьэуазэ. **11**. Пшынауэ цІэрыІуэ, гъэсакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист. **12**. Къалмыкъ ... е къэрэкъурэ ... **13**. Тамбукъан гуэлым къыхах, къупщхьэ узхэм зэреІэзэ хущхъуэгъуэ. **17**. Гъатхэм пасэу щІым къыхэж удз гъэгъа шакъафэ-къащхъуафэ цІыкІу. **18**. Пщэ гъум. **19**. Сабий цІынэм зэреджэ нэгъуэщІ псалъэ. **20**. Адыгэхэм дыгъужьым фІаща, таурыхъхэм узыщрихьэлІэ псалъэ. **21**. ЩІы щхьэфэ тещтыкІа.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътІанщ.**

***ШыщхьэуІум и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **2**. ЛІыр. **5**. Уэрэдым. **8**. ЩІэкІэщ. **9**. Іэзэщ. **11**. ПщІэркъым. **12**. Еух.
***Къехыу:*** **1**. Мыдэф. **3**. ЗэдэпщІэ. **4**. Зыхэлъыр. **6**. Іуэху. **7**. Мэхъу. **10**. Армум.

● Прозэу тха усэ

## Уэшх хьэщІэ

УЭШХЫМ содаІуэ. ЛъапцІэу сыхэтщ. Зыри жимыІэу, куэд къызеІуэкІри, уэ узогъэщхьыр уэшхыр. Уафэм къыщожьэ, щІылъэм лъоІэсри, ткІуэпсхэр мэщащэ. Сыту сфІэмащІэ уэшхыр... СызыхуэпІащІэ ткІуэпсхэр уафэм еубыдыжри, сэри салъэІэсыжкъым. Си гум илъыжкъым гуауэ. Ауэ... уэшхыр къемышхыуи дауэ?! Сэ ар къысфІощІ уэрауэ... СощІэ, жыпІэнур сощІэ... УкъысхуэкІуат уэшх хьэщІэу. Уи гур нэщхъейрэ нэщІу. УщыІукІыжым, къешхырт...

Си гум илъыжкъым гуауэ. Си гум щызопІ макъамэ. Уэшхым схузэхилъхьауэ. Зыми зэхимыхауэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**





# Гум къыбгъэдэкІ гуапагъэ

● Псапэ

**КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, Музыкэ театрым и уэрэджыІакІуэ ЦокІыл Азэмэт Налшык и Театр щхъуантІэм шыщхьэуІум и 20-м щитащ «От сердца к сердцу» концертыр. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ, Щэнхабзэмкіэ я министерствэхэм, «Пэрытхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэр, «Ресурсный центр развития волонтёрства» ІуэхущІапІэр я дэІэпыкъуэгъуу. Гуапагъэм, хуабагъэм, мамырыгъэм, зэкъуэтыныгъэм я пшыхьыр ирагъэкІуэкІащ Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и режиссёр икІи и актёр Мизиев Абубэчыр, артист ТхьэмлІокъуэ Вячеслав, КъБКъУ-м щІалэгъуалэ политикэмрэ социальнэ Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Хуторская Елизаветэ.**

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, ЦокІыл Азэмэт къыщалъхуа махуэм псапэу концерт ет бынунагъуэшхуэхэм ящыщ сабийхэм, зи узыншагъэм къимыхьхэм, дзэ Іуэху хэхам щыІэ щІалэхэм я унагъуэхэм защІигъэкъуэн мурадкІэ. Абы и зы Іыхьэу къызэрагъэпэщащ «Сабийр курыт еджапІэм хуэгъэхьэзыр» Іуэхури. КъыжыІапхъэщ, гъэ къэс мы Іуэхум нэхъри зэрызиубгъур, абы хэтхэм я бжыгъэм къызэрыхэхъуэр.

Концертым ирагъэблэгъащ федеральнэ антимонопольнэ ІуэхущІапІэм и управленэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Къумахуэ Аннэ, КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Лу Азэмэт, «Пэрытхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Шыпш Аслъэн сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЦокІылыр утыкум ирагъэблэгъащ Театр щхъуантІэм щызэхуэсахэм жаІа «Уи махуэмкІэ дынохъуэхъу!» псалъэхэмрэ жыыми щІэми абы хуаІэта Іэгуауэ макъымрэ щІэту. Азэмэт псапэ зыпылъ Іуэхур къызэрыдаІыгъам папщІэ псоми фІыщІэ яхуищІа нэужь, гъащІэ къезыта и анэм псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуигъэзащ. Артистым дыщІигъужащ пшыхьым хыхьэу къызэрагъэпэща ахъшэ зэхэдзэр сабийхэм яхуэщхьэпэну зэрыщыгугъыр.



«Гъагъэ, ефІакІуэ, си Къэбэрдей-Балъкъэр» псалъэхэмкІэ ЦокІылым и пшыхьыр иригъэжьащ икІи япэу игъэзэщІащ куэдым фІыуэ ялъагъу «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» уэрэдыр. Абы къыкІэлъыкІуащ дзэ Іуэху хэхам щыІэхэм я лІыгъэм (ЗэрамыщІэ Заретэрэ Мэшыкъуэ Радимэрэ зэдатхар), къэралым, анэм, лъагъуныгъэм теухуа уэрэдхэр. Пшыхьым къыздаша сабийхэм я нэгу зрагъэужьащ таурыхъым къыхэщ лІыхъужьхэм я фэилъхьэгъуэхэр ящыгъыу къэфа артистхэм.

Концертыр зыгъэдэхахэм ящыщщ къэралым и утыкушхуэхэр - Мариинскэ театрыр, Чайковскэм и цІэр зезыхьэ залыр, Кремлым и уардэунэр, - зыгъэбжьыфІа, Славян бэзэр, «Витебск-2025» зэхыхьэшхуэхэм ди республикэм и цІэкІэ зыкъыщызыгъэлъэгъуа Бэрэгъун Заур, республикэм и уэрэджыІакІуэхэу КІыщыкъуэ Назир, Хуламханов Къайсын, ДыщэкІ ФатІимэ, Гъуазджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щеджэ Къунаш Эльмирэ, «Насып» къэфакІуэ ансамблыр, нэгъуэщІхэри.

Пшыхьыр къызэрагъэпэщынымкІэ къазэрыдэІэпыкъуам папщІэ фІыщІэ хуащІащ КИФЩІ-м и полпредым, КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я управленэм, федеральнэ налог ІуэхущІапІэм и щІыналъэ къудамэм, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм коррупцэм пэщІэтынымкІэ и управленэм, федеральнэ антимонопольнэ ІуэхущІапІэм и щІыналъэ къудамэм и управленэм, Сабийм и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ уполномоченнэм, КъБР-м и хьэкумыщІхэм я зэгухьэныгъэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкіэ, Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкіэ, ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ, Лъэпкъ Іуэхухэмкіэ, Узыншагъэр хъумэнымкіэ, Щэнхабзэмкіэ, ЩІы гъэтІылъыгъэхэмрэ мылъку зэхущытыкІэхэмкіэ и министерствэхэм, КъБР-м и щІыналъэхэм я администрацэхэм, КъБР-м и ЩІалэгъуалэ правительствэм, нэгъуэщІ ІуэхущІапІэхэм, цІыху щхьэхуэхэм.

Псапэ Іуэхум зыкърагъэхьэлІащ республикэм и щІыпІэ псоми щыщхэм, гъунэгъу щІыналъэхэм къикІа хьэщІэхэм.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*

# ЩыІэжкъым а зэманыфІхэр

● Футбол

**«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0 (пенальтикІэ - 4:2). Псыхуабэ. «Центральный» стадион. УФ-м и кубок, «ЩІыналъэхэм я гъуэгуанэ», ЕтІуанэ Іыхьэ. Шыщхьэуіум и 20-м. ЦІыху 780-рэ еплъащ.**

***Судья нэхъыщхьэр*** Гусаков (Кисловодск).

***«Мэшыкъуэ-КМВ»:*** Саганович, Хьэгъур, Саидов, Мачилов, Осадчий (Сайгушев, 46), Умаханов (Абазэ, 59), Селеменев, Кабахидзе (Абакаров, 59), Торосян, Топурия (Халибегов, 79), Накаев (Домоцев, 46).

***«Спартак-Налшык»:*** Къумыкъу, КІэдыкІуей, Пириев, Гъуэгузокъуэ, Кенжев, КІэщт (ЛІуп, 63), Жабоев, Пекъу, Балъкъыз (Сарбашев, 83), Блий, Шэрджэс (Лысенкэ,67).

***Дагъуэ къыхуащІащ:*** Кабахидзе, Умахановым, Торосян, Домоцевым, Лысенкэ, Жабоевым, Гъуэгузокъуэм, Кенжевым.

УРЫСЕЙ Федерацэм и кубокыр къэхьыным теухуауэ 2025 - 2026 гъэхэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм «ЩІыналъэхэм я гъуэгуанэ» зэпеуэм и ЕтІуанэ Іыхьэм бэрэжьей кІуам щыщІидзащ «Спартак-Налшыкым». Псыхуабэ къалэм ар щригъэблэгъат етІуанэ дивизионым и «Дыщэ» гупым щыпашэхэм ящыщ икІи Япэ дивизионым кІуэну хущІэкъу «Мэшыкъуэ-КМВ»-м.

ГъащІэр хьэлэмэту зэхэлъщ. Илъэс пщыкІутху-тІощІ ипэкІэ хэт и гугъэнт премьер-лигэм уей-уей щыжезыгъэІэу хэта «Спартак-Налшыкыр» иджы урысей футболым и лъащІэ дыдэм къыщыхутэну? Абы щыгъуэм щІагъуэу ямыцІыхуа Псыхуабэ и командэр иджы япэ лигэм хущІокъу.

Къэралым щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэм япкъ иткІэ мы гупхэр куэдрэ зэхуэзащ. Совет лъэхъэнэми, иужькІи тепщэныгъэр сыт щыгъуи зыІэщІэлъар «Спартак-Налшыкращ». Къапщтэмэ, ахэр Урысей Федерацэм щыщыІа зэпеуэхэм 22-рэ щызэхуэзати, 10-м ди щІалэхэр щытекІуащ, 6-м зэрытегъэкІуакъым, апхуэдизри фІахьащ. Кубокми хэпщІыкІыу щынэхъыфІащ: 2017, 2022 гъэхэм щызэпэщІэувати, тІэуми налшыкдэсхэм я хьэрхуэрэгъухэр ирагъэкІуэтэкІащ, сыт щыгъуи 1:0-у хагъащІэри. Иужь дыдэу етІуанэ дивизионым щызэІущІами, «Спартак-Налшыкыр» 2:0-уэ Псыхуабэ щытекІуат. АрщхьэкІэ а псори зэфІэкІа Іуэхущ икІи а зэманыфІхэр щыІэжкъым. АдэкІэ щІэрыщІэу я пщІэр зэфІагъэувэжын хуейуэ аращ.

Мы гъэм къалэнышхуэхэр зыхуэзыгъэувыжа «Мэшыкъуэ-КМВ»-м бэрэжьей кІуам «Спартак-Налшыкым» къыпигъэувакъым и футболист нэхъ лъэщ дыдэхэр икІи абыхэм загъэпсэхуну Іэмал яритащ. Псом хуэмыдэу ди нэ къыхуикІырт я гъуащхьауэ нэхъыфІ адыгэ щІалэ ХъутІэ Анзор дыкІэ-лъыплъыну. Ар къыдэхъулІакъым. Абы щыгъуэми хьэлэмэтт я щытыкІэр зэбгъэлъагъуну иджыблагъэ «Спартак-Налшыкым» и щІыхьыр зыхъумахэу иджы «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и фащэр зыщыгъыу джэгупІэ губгъуэм ита Топурие Тенгизрэ Торосян Севадэрэ, иужь сыхьэт ныкъуэм кърагъэхьа Абазэ Астемыр сымэ. Дэтхэнэми хъарзынэу зыкъигъэлъэгъуащ, уеблэмэ иужьитІым. ЗэІущІэ нэужь пенальтихэр щагъэзащІэм, ди гъуэм топ къыдагъэкІащ.

Джэгур зэрекІуэкІам и гугъу пщІымэ, командэхэр икъукІэ зэрыхэгъэзызыхьащ. ЛъэныкъуитІми Іэмал зыбжанэ яІащ текІуэныгъэр зыІэрагъэхьэну. АрщхьэкІэ яхузэфІэкІакъым. ЗэІущІэр 0:0-у щиухым, метр пщыкІузым и деж щыту нэхъыфІыр зэхагъэкІащ. Абдежым хэгъэрейхэм я насып нэхъ къыщикІащ - 4:2.

Гу лъытапхъэщ мы зэІущІэм хухаха зэман нэхъыщхьэм «Спартак-Налшыкым» и гъуэм топ къызэрыдамыгъэкІыфам. Ар зыкъомкІэ и фІыгъэщ иужь джэгугъуищым яхэмыта Къумыкъу Аслъэнбэч гъуэм зэрыдагъэувэжам. Абы мызэ-мытІэу топ гугъухэм къаригъэгъэзащ икІи ар зылъэгъуа гъуащхьэхъумэхэри нэхъ тегушхуауэ утыку итащ.

АдэкІэ ди щІалэхэм къапэщылъщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм щыпащэну. Нобэ, шыщхьэуІум и 23-м, Астрахань къалэм ахэр щыІущІэнущ абы и щІыпІэ командэм.

**ХЬЭТІОХЪУЩЫКЪУЕЙ Аслъэн.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-20-88; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.290 • Заказыр №1816

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А